

# ENDAI, MUNOUDZA



...achipupura, uye hanzvadzi diki kumashure uko, ndinofunga zvinoratidza rwiyo irworwo:

Oo, rudo rwaMwari, rwakapfuma uye  
rwakachena sei!

Rusinganzwisisike uye rwakasimba sei!

Izuva rakadii kwatiri! Ngatingoti nyararei, nemisoro yedu yakakotamiswa zvino, tirwuimbire Ishe tisati tanamata. Kungoti, Teddy, kana ungaro, tipe kodhi diki yacho. Uye ngatingorwuimbei...nemisoro yedu yakakotamiswa, maziso edu akavharwa, tisati tatanga munamato.

Oo, rudo rwaMwari, rwakapfuma uye  
rwakachena sei!

Harwuyereke uye rwune simba!

Rwuchava nokusingaperi... [Chibenga  
chisina chinhu patepi—Mupepeti]

<sup>2</sup> Dai ingi, mvura yese yashanduka kuva ingi, uye matenga ese akagadzirwa ari bepa rekunyorera, nechimuti chese panyika chiri chinoyoreso, uye nemunhu wese ari pabasa semunyorero, zvakadaro zvaisakwanisa kuratidza rudo rwaMwari kurudzi rwaAdhamu rwakawa. TinoKutendai, Baba, nokuda kweRopa iroto rakakosha raIshe Jesu, uye nekuda kwemangwanani aya ekurangarira rumuko, uye nekuda kwerudo rweNyu rwunodzikinura rwadururirwa mumoyo yedu nhasi, neMweya Mutsvene. Rwuchitiunza mukuyanana naVo, iVo Mwari, Musiki. Tiunzei muhukama, panyika, husina kumbobvira hwakadarikwa. Hapana kirabhu, hakuna mhiko, ingambofa yakakwanisa, kusambofa yakaenzaniswa nehukama hwevarume nevakadzi vakaberekwa patsva. Uye rwuchava nekusingaperi rwiyo rwevatsvene nengirozi!

<sup>3</sup> Tinonamata nhasi kuti Mucharopafadza zvese zvatinoita mukuedza kuratidza, kutenda kwedu—kwedu kwaMuri kuri mumoyo yedu, nekuda kwezvaMakatiitira. Uye nokuziva kuti yaisava moyo yevadzidzi chete yakafadzwa mangwanani iwayo, Maria naMaria Magadharene, asi nesuwo zvakare, vadzidzi veNyu nhasi, moyo yedu inofara nguva yatinoona kuti haAna kufa, asi mupenyu. Dai Aramba achirama mumoyo yedu, pakati pedu. Tinokumbira muzita raJesu. Amen.

Hakungatongovi nemunhu anogona kuratidza rumuko!

<sup>4</sup> Zvino, mangwanani ano erumuko, inguva inoshamisa kwazvo yekuti zviitiko zvidiki zviitike muचेची zvino, zvinova, vanaamai vachikumikidza vacheche vavo. Chimwe chinhu chitsva, chimwe chinhu chakawedzerwa kumba kwavo. Rimwe

ropafadzo idzva rauya kwavari. Uye ivo vanoda, mukudzorera, kuripa kuna Mwari.

<sup>5</sup> Uye zvakare mushure memharidzo yema—mangwanani, tiri kuzova nekunamatira vanorwara, kuti umutswe kubva pahurwere hwako, kupinda muhutano hutsva. Zvino pakarepo mushure meizvozvo, kune avo vasina kubhabhatidzwa, tichava nerumuko rweizvozvo; wovigwa mumvura, uchimuka kuhupenyu hutsva. Zvose hazvo rumuko mangwanani ano, rumuko! Moyo yedu inofadzwa nekurerukirwa, apo patinoimba nziyo uye tichiteerera kune zvapupu zvevamwe, zverumuko urwu rwemangwanani ano anoshamisa. Zvino tinotarisa kunze uye tinoona Mwari vachifara nekuda kwazvo, miti iri kumuka.

<sup>6</sup> Imwe nguva yapfuura, zasi kuKentucky, VaWood neni takanga tichivhima tsindi, zvino takaenda kunzvimbo yemumwe murume. Murume iyeye anogona kunge akagara pano izvozvi, sokuziva kwandingaite. Uye aifanira kuve munhu asingatendi. Zvino Hama Wood vakamukumbira, vakati, “Ndinogonawo here kuvhima tsindi munzvimbo yenyu?”

Akati, “Hongu, Wood, unogona hako kuvhima tsindi. Enda neche kumashure.”

Akati, “Zvino, ndaunza, mufundisi wangu pamwe neni.”

<sup>7</sup> Zvino akati, “Wood, iwe haurevesi kundiudza kuti wazoderera zvakanyanya zvekuti unofanirwa kutakura muparidzi pamwe newe nguva dzese!”

<sup>8</sup> Zvino saka vakandishevedza kuti va—vandizivise. Zvino muchinda wacho vakanga vati aive ari muchinda akati omararei. Akaudzwa nevamwe, izvozvo, asi haana chinhu chaaigna kuona chaimuita kuti atende.

<sup>9</sup> Zvino paive nemuti wemuapurosi wakamira ipapo wandainge ndatanha apurosi kubva pauri. Maive muna Nyamavhuvhu. Zvino ndakati kuna changamire vacho, ndakati, “Muti uyo une makore mangani?”

<sup>10</sup> Zvino akati, “Makore angaita makumi matatu,” chimwewo chakada kudaro. Akanga ausima.

<sup>11</sup> Zvino ndikati, “Makadya maapurosi kubvira pawakanga wobereka?”

“Hongu, changamire.”

<sup>12</sup> Ndakati, “Chii chinoitika kumuti iwoyo? Kana mukautarisa, yava Nyamavhuvhu zvino, mamiriro ekunze ange achipisa nguva yose iyi; asi zvino mashizha ari kudonha kubva pamuti iwoyo, uye muto wemuti uri kusiya mapazi, uchidzika zasi mumidzi. Kana uri wazogara kumusoro kuno munguva yechando, muti wacho unofa; asi unodzika zasi muvhu, kuzvivanza kubva kumhepo inotonhora. Kana ukagara uri kumusoro kuno, waizofa, waisazobereka maapurosi zvakare. Asi unodzika zasi kunozvivanza mumidzi, kuti uzodzokazve gore rinouya,

kukuunzirai maapurosi kubva kune imwe nzvimbo, nemamwe mashizha.”

<sup>13</sup> Zvino ndakati, “Zvino, changamire, ndi—ndinokukumbirai kuti mudiudze kuti Huchenjeri hupi hwunoita kuti muto iwoyo usiye muti kusati kwava nechero mamiriro ekunze anotonhora, zvino wodzika mumidzi kuti uhwande? Kana muchikwanisa kundiudza kuti chii chinoita izvozvo, nekuzvitsanangura kwandiri, kuti chii chinozviita, ipapo ini ndichakuitai kuti muise ruoko rwenyu pana Mwari.” Ndakati, “Isai mvura pabango uye moona kana ichizozviita, moona kana kushanduka kwemwaka kuchizozviita. Kune humwe Huchenjeri hukuru hunodzikisa muto iwoyo zasi mumudzi wemuti, uye wozoudzosa zvakare uine hupenyu hutsva. NdiMwari.”

<sup>14</sup> Zvino akati, “Handina kumbobvira ndakaenda kuchechei zvakananyanya.” Akati, “Asi kwaive nemumwe muparidzi akauya kuno kuActon, imwe nguva, ndokuudza mumwe mukadzi, aigara uko pamusoro pechikomo, uyo mukoma wake akanga ari kumusanganano manheru iwayo, ndokumuudza kuti ainamatira munin’ina aiva nekenza.” Ndokuti, “Mudzimai neni taimbenge tiri ikoko kuti timubatsire.” Uye akati, “Akanga ari pakaipa kwazvo, aine kenza yemudumbu, kusvikira vakatozoita zvekumupindura pamubhedha nemucheka, nezvimwe zvakadaro. Mukoma wake akadzoka nehengechepfu zvakare,” akati, “mushure mekunge murume wacho amuudza pamusoro pezvinhanano zvake nezvose, akati ‘isai hengechepfu paari.’” Ndokuti, “Mutano nhasi.”

<sup>15</sup> “Uye zvinongoratidza,” ndakati, “Huchenjeri humwe chete ihwohwo hwakaudza muto iwoyo uri mumuti, gore negore, pamberi pemaziso enyu chaipo, kuti udzike mumidzi uye uhwande, hwaiva Huchenjeri humwe chete hwakandiudza kuti mukadzi aizopodzwa paachaisa. . .” Ndakati, “Hazvina kunyanya—kunyanya kuva zvisinganzwisisike. Mune muparidzi ari nani zvakananyanya akamira pamberi pechivanze chenyu, muti, unokuudzai gore negore.”

<sup>16</sup> Kana tikangotarisa kwese kwakapoteredza, tinoona Mwari kwese-kwese. Vari mumuti wese, mushizha roga-roga rehuswa. Hapana chimwe chinogona kuhuburitsa kunze kwaMwari. Tinogona kuburitsa chimwe chinhu chakada kuita saiho; asi kwete hupenyu ihwohwo, ndiMwari.

<sup>17</sup> Zvino, kashizha kadiki kehuswa kakawedzerwa kune dzimwe dzimba pano, zvino tinoda kukumikidza vana vacheche vadiki ava kunaShe. Teddy, tine rwiyo rwudiki pano rwatinoimba, *Vaunzei Mukati*, ungarwuridze here apo vanaamai vanoda kuti vacheche vavo vakumikidzwe, navanababa, vachauya nevana vavo vadiki kuno kuartari.

<sup>18</sup> Uye tine maruva madiki akawanda eEsta pano paartari mangwanani ano, hatina here? Ini zvangu, ini zvangu!

Ndinofungidzira kuti pana vanaMaria vadiki, vanaRute, vanaRebheka, vanaJakobho vadiki, Pauro, naJohane, vese pano, maruva madiki eEsta echimwe chizvarwa.

<sup>19</sup> Zvakanaka, ipapo chaipo. Ndinotenda Hama Beeler vanoda kutora mufananidzo uyu wemuchinda uyu—uyu amire pano, mu—muzukuru waHama Wood, Hanzvadzi Wood neche kuno. Uye vamwe vari kuuya zvino nevadiki vavo. Uyai kumberi chaiko, hama. Izvozvo zvakanaka. Hama Neville.

<sup>20</sup> Kukuru kwazvo kubatana mumuchato mutsvene, kwakagadzwa naMwari. Uye kuburikidza nemuchato mutsvene kunoberekwa vacheche ava vadiki vanodikanwa.

<sup>21</sup> Munofanira kundiudza zita rake pano zvino. Brenda Sue. Unotaridzika mwana akasiyana, zvakanyanya, pane pandakatanga kukuona. Zvakanaka, heunoi Brenda Sue Wood mudiki, chokwadi pfuma diki inokosha kune moyo yedu tese, uye kunyanya sei kuna amai nababa vechidiki ava.

<sup>22</sup> Zvino munguva dzemuBhaibheri. Vanhu vazhinji vanosasa vacheche vadiki ava; asi isu tinoedza kutevedzera maitiro emuBhaibheri nepedyo sepatinogona napo. Hatina kumboona pavakambosaswa mvura, muBhaibheri, asi vakaunzwa kuna Ishe Jesu uye Akavaropafadza. Uye tinovatora, sevaranda vaKe, tovasimudza kwaAri.

<sup>23</sup> Ndinotenda kuti munoziva kuti sekuru vari kudada sei, munoziva. Saka ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

<sup>24</sup> Ishe Jesu, Mwana waMwari, Akakumikidzwa nekuda kwekudarika kwedu. Uye chinhu chakakosha kwazvo kuona vana vadiki vachiunzwa kwaMuri, mukurangerira kwezvakaaitika makore mazhinji apfuura, apo vanaamai navanababa vakaunza vadiki vavo kwaMuri. Takabata pamberi peNyu, nhasi, mumaoko ekutenda, Brenda Sue Wood mudiki, akatumirwa mumhuri yeHama yedu David nemudzimai wavo akakosha. Mwari Baba, ropafadzai mwana uyu.

<sup>25</sup> Vari kupupura kutenda kwavo maMuri, vachiunza mwana wavo akabva mukubatanidzwa kwavo. Uye tinonamata kuti Muchavaropafadza. Uye dai mwoyo yavo yadziiswa neMweya Mutsvene, kurarama hupenyu wehumwari, hwakaitwa hutsvene, kuti mucheche uyu akudzwe muimba yeChikristu, akudzwe mukuraira kwaMwari, uye ararame hupenyu hwakareba, hwekufara pano panyika, uye aKushumirei mazuva ese ehupenyu hwake. Uye nemuKubwinya, uko mhuri dzinougana, dai Brenda Sue mudiki nababa naamai vake, nevanhu vavo vese, vaungana vakakomberedza chigaro chaMwari, vakadzikinurwa nenyasha dzaKristu, uko kwatinomusimudzira kwaAri zvino.

<sup>26</sup> Hanzvadzi yangu diki, ndinokupa zvino kuna Ishe Jesu Kristu, kuitira hupenyu hweshumiro kwaAri, muZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Amen.

<sup>27</sup> Mwari vakuropafadzei, Marilyn, David, mufaro uye nekubudirira kwakanyanya kuwanda. Dai mudiki araramira Humambo hwaMwari.

<sup>28</sup> Zvino, heuno mukomana akanaka, ane kunyemwerera kukuru pachiso chake. Zita rake? [Amai vanopindura. Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

Sharon Rose... [Amai vanoti, “Sharon Daulton.”—Mupepeti] Daulton. Daulton. Uyu mwana weHama Ed here? Saka, neimwewo nzira, makore angangoita makumi maviri nemaviri apfuura, Mwari vakatora kubva mumaoko angu Sharon Rose mudiki, uyo ari Kudenga, nhasi. Uye zvino, kukumikidza kwaVari, ndiSharon Rose Daulton mudiki. Tinoziva Hama Ed naHanzvadzi Daulton, pano, seshamwari dzedu dzinokosha. Mucheche anoyevedza zvakadini!

Baba vedu voKudenga, tinounza kwaMuri Sharon Rose mudiki uyu. Mukurangerira Ishe Jesu mukuru, Uyo akamira panyika, uye vakaMuunzira vasikana vadiki seuyu, Ndinonamatira mucheche uyu, Ishe. Ngaarame uye ave akasimba uye ave nehutano. Ngaarame zvinopa mbiri kuna Mwari. Ropafadzai baba namai vake. Dai akudzwa murairira kwaMwari. Vari kupupura kutenda kwavo maMuri apo pavanounza mwana wavo kwaMuri. Zvino tinopa kwaMuri, Sharon Rose Daulton mudiki, kuti Muropafadze hupenyu hwake, Ishe. Ndinomupa kubva mumaoko aamai nababa vake, kwaMuri, Ishe naMuponesi waNgu, Jesu Kristu, kuitira kubwinya kwaKe. Amen.

Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi, nemi, hama.

Oo, ini zvangu! Mukomana mudiki, anorwara. Dambudziko rake nderei? [Amai vanoti, “Musoro wake wave kukura zvakananyisa.” Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] . . . chimwe chinhu chakasiyana. NdinoVatenda.

Ishe, Mwari, ndakabata kwaMuri Mason mudiki. Ndinonamata, Ishe Jesu, kuti Mugotora mucheche uyu wandakabata mumaoko angu, ndichimukumikidza kwaMuri. Ndinotuka dambudziko iri riri paari. MuZita raJesu Kristu, dai Mason mudiki aiswa mumaoko eNyu, Ishe, uye dai dambudziko racho ramusiya. Dai mwana ararama mukukudzwa nekubwinya kwaMwari. Vabereki vari kuratidza kutenda kwavo pavari kumuunza. Dai Mapodza mwana uye nekumuita kuti aite zvakanaka. Ngaarame mukupa kubwinya kuna Mwari, kuti aKushumirei. Ishe Mwari, ndinoKupai Mason mudiki, muZita raJesu Kristu, kuitira hupenyu hwake uye nekupodzwa kwake. Amen.

[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Ingotendai nemoyo wenyu wose.

Oo, musikana mudiki, zvakare? Saka, zvakanaka. Huya kumusoro kuno, muchinda mudiki. Mira pamusoro pano chaipo.

Zita rako unonzi...? [Baba vanoti, “Sumner.”—Mupepeti] Sumner. Hama naHanzvadzi Sumner. Ndinotenda munobva kuGeorgia, handizvo here? Ndafunga kuti ndarangerira munamato. Kune vanhu vazhinji zasi ikoko. Uyu ndiye... [“Latrelle.”] Latrelle. [“Dwight.”] Dwight. [“David.”] NaDavid. Manzwa zita ravo. Dai Mwari anyora mazita avo muBhuku reHupenyu reGwayana.

Baba vedu Vokudenga, tinounza twuvadikani twudiki utwu kwaMuri mangwanani ano, ndichiisa ruoko rwangu pazvirukwa zvidiki zvevhudzi zviru mumusoro wavo, bvudzi diki rakapfava revakomana ava. O Ishe, varopafadzei. Vabereki vavo varatidza rudo rwavo uye nekutenda kwavo maMuri nekuunza vana vavo. Uye tinovakumikidza kwaMuri, Ishe, sezvo vatorwa kubva mumaoko evabereki, kumiswa pano paartari ino mangwanani ano, kupira hupenyu kuna Mwari. Varopafadzei, Baba. Tinonamata kuti Muchavaita kuti vararame vachifara, mazuva ose ehupenyu hwavo, Hupenyu Husingaperi munyika ichauya. Dai varerwa mukuraira kwaMwari, mumhuri yeChikristu.

Zvino, nekutuma kwaJesu Kristu, akapa muenzaniso kuvashumiri vaKe, kuti vatevere sezvaAkaita, Ndinovapa kwaMuri, nemuZita raJesu Kristu. Amenii.

[Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

Zasi uko munyika yemushana yeGeorgia, mucheche uyu aunzwa pano nababa naamai vake vane rudo, kuti akumikidzwe kwaMuri mangwanani ano erangaridzo. Mukombe wenyasha dzeNyu mumhuri yavo. Ndinonamata kuti Mugaropafadza Renee mudiki, amai nababa vake. Uye vanoratidza kutenda kwavo maMuri, nekuunza mwana, vachida maropafadzo eNyu paari. Uye dai akararama nekuva Mukristu akasimba, anofara, mazuva ose ehupenyu hwake; uye ave neHupenyu Husingaperi mumazuva ari kuuya, munyika ichauya. Zviitei, Baba. PaMakasimudza tunhu tudiki twakadai twunotapira, sevana ava mangwanani ano, mumaoko eNyu chaiwo, mhuri dzaratidza kutenda kwadzo maMuri, nekuvaunza kuvaranda veNyu. Uye tinoropafadza Renee mudiki uye nekumupa kwaMuri; kubva mumaoko evabereki vake, kuuya kwaMuri. MuZita raJesu Kristu, dai Mamuropafadza. Amenii.

Ropafadzwai, hama. Mwari vakuropafadze, Renee.

Ngatimboimbai ndima imwe chete diki yacho.

Vaunzei mukati, vaunzei mukati,  
 Vaunzei mukati kubva kuminda yezvivi;  
 Vaunzei mukati, vaunzei mukati,  
 Hunzai vadiki kuna Jesu.

<sup>29</sup> Oo, ndingadai ndada kumira mumutsara ndotaura pamusoro pemunwe nemunwe wevadiki ava, asi ndine chinono kwazvo, zvakadaro, uye vanhu vakamira. Hama

Wood vanditaurira mangwanani ano, vati musana wavo wanga uchingorwadza', nekuda kwekumira. Hamuzive kuti ndinokuyemurai sei makamira uye nekumirira! Uye ndichangokurumidza nemharidzo, nekukwanisa kwandingaite. Uye chinyatsoteererai.

<sup>30</sup> Handina kuwana nguva yekugadzirira shumiro ino yemangwanani, kana kuti mharidzo ino mangwanani ano, kwechingvana. Ndatora chidzidzo nechimwe chinhu change chakasiyana.

<sup>31</sup> Uye Esta yakapfuura ndakaparidza pamusoro pechidzidzo chokuti: "*Kurarama*, Akandida. *Kufa*, Akandiponesa. *Kuwigwa*, Akatakura zvivi zvangu kure-kure. *Kumuka*, Akaruramisa pachena nekusingaperi. Rimwe zuva Ari *Kuuya*, oo, zuva rinobwinya!"

Uyezve mangwanani ano taparidza pachidzidzo chokuti: *Ndinoziva*.

<sup>32</sup> Uye zvino, kana Ishe vachitendera, ndinoda kuverenga kubva muchitsauko chaMutsvene Marko. Uye namatai neni zvino.

<sup>33</sup> Uye pakarepo mushure meizvi pachave neshumiro yekunamatira vanorwara. Uye zvakare mushure meshumiro yekunamatira vanorwara kuchave neshumiro yerubhabhatidzo. Uye zvakare shumiro dzichazovepo manheru ano nenguva dzaseven-thirty.

<sup>34</sup> Zvino Marko 16.

*Sabata rakati rapfuura, Maria Magadharene, . . .  
Maria amai vaJesu, naSarome, vakanga vaunza  
zvinonhuwira, kuti vauye kuzomuzodza.*

*. . . mangwanani-ngwanani nomusi wokutanga  
wevhiki, vakauya kubwiro pakubuda kwezuva.*

*Vakataurirana pachavo vachiti, Ndianiko  
uchatikungurutsira ibwe kubva pamukova webwiro?*

*Zvino vakati vachitarira, vakaona kuti ibwe rakange  
rakungurutswa: nekuti raiva guru-guru.*

*Zvino vakati vachipinda mubwiro, vakaona jaya  
rakange rigere kudivi rekurudyi, rakapfeka nguwo  
chena yakareba; vakatya.*

*Zvino vakati kwavari. . . Zvino akati kwavari,  
Musatya: Munotsvaka Jesu weNazareta, wakanga  
aroverwa pamuchinjikwa: amuka; haapo pano: tarirai  
panzvimbo pavakange vakamuradzika.*

*Asi chiendai henyu, uye munoudza vadzidzi vake  
naPetromu kuti anoenda mberi kwenyu muGarirea: ikoko  
muchamuonako, sezvaakakuudzai.*

*Zvino vakabuda nekukurumidza, vakatiza vachibva pabwiro; nekuti vakadedera pamwe nekushamiswa: havana kutaura chinhu kuna ani zvake; nekuti vakanga vachitya.*

*Zvino Jesu wakati amuka mangwanani-ngwanani nomusi wokutanga wevhiki, akazviratidza pakutanga kuna Maria Magadharene, waakanga abuditsa maari madhimoni manomwe.*

*Zvino akaenda kunoudza avo vaimbova naye, apo iye. . . pavakanga vachichema nekuungudza.*

35 *Munoona, vaivewo pamurwi wemadota, zvakare.*

*Zvino ivo, wakati vachinzwa kuti mupenyu, uye kuti akange aonekwa naye, havana kutenda.*

36 *Anoshamisa sei Mashoko aMwari!*

*Shure kwaizvozvo akazviratidza kune. . .chimwe chimiro kune vaviri vavo, pavakanga vachifamba, uye vachienda kumaruwa.*

*Uye apo. . . uye vakaenda vakanozviudza kune vakasara: naivowo vakasavatenda.*

*Pashure akazviratidza kune vanegumi nemumwe vagere pakudya, uye akavatsiura nekuo- . . . ne— nekusatenda nehukukutu hwemoyo, nekuti havana kutenda vava vakange vamuona mushure mekunge amuka.*

*Zvino akati kwavari, Endai munyika yose, . . . muparidze evhangeri kuzvisikwa zvose.*

*Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa; . . . uyo asingatendi achatongwa.*

*Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; Muzita rangu vachadzanga madhimoni; vachataura nendimi itsva;*

*Vachabata nyoka; . . . kunyange vakanwa chero chinhu chinouraya, hachingavakuvadzi; vachaisa maoko pamusoro pavarwere, . . . vachapora.*

*Zvino shure kwekunge Ishe ataura navo, akagamuchirwa kumusoro kudenga, akagara kuruoko rwerudyi rwaMwari.*

*Zvino ivo vakaenda, uye vakaparidza kwose-kwose, Ishe achibata navo, nekusimbisa shoko nezviratidzo zvichitevera. Amen!*

37 *Ndinoda kutora chidzidzo kubva kumazwi maviri: Endai, Munoudza.*

38 *Munoziva, hazvina zvazvinobatsira zvakanyanya kuenda kana usina chimwe chinhu chekunoudza. Ndinofunga ndiro*



dambudziko guru kwazvo ranhasi uno. Tinoenda kunoudza, tinoenda asi hatina chekunoudza, hapana kana chinobatsira, hapana kana chinobatsira vanhu.

<sup>39</sup> Asi kana tikazotevera rairo sevadzidzi ava vakawana kutumwa, isu tine kutumwa kumwe cheteko, “Endai, munoudza vadzidzi vaNgu kuti Ndamuka kubva kuvakafa.” Endai, munozviudza!

<sup>40</sup> Zvino Anoti, “Endai, munozviparidza, uye muratidze zviratidzo izvi kuti Ndiri mupenyu kubva kuvakafa.” Ishoko rakadii! “Endai, munoudza, uye endai, munoratidza vadzidzi vaNgu zvinhu izvi zvamaona, kuti haNdina kufa, asi ndamuka kubva kuvakafa.”

<sup>41</sup> MuMharidzo yamangwanani ano, taona kuti mumwe nemumwe wedu ane tumirwi twemadota ematambudziko nemiedzo yatinogara tiri pairi, pane imwe nguva, takamirira kunyaradzwa. Takaona kuti tateguru mukuru Jobho akawana chiratidzo, nekuti vaive vasati vambova neEsta, asi akaona zviuru zvina zvevakore zviri kumberi mangwanani ano. Akaona zviuru zvina zvevakore kumberi, Esta, ndokudanidzira, mukutambudzika kwake, “Ndinoziva kuti Mudzikinuri wangu anorarama! Mumazuva ekupedzisira, Achamira panyika. Kunyangwe mushure mekunge makonye emunyama aparadza muviri uyu, asi zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari.”

<sup>42</sup> Zvino, mushure meEsta, tinoona kuti Mwari vakapa munhu kutumwa, “Endai, munoudza! Uye kana muchinge mataura, *izvi* zvichakuteverai. Endai munoudza!”

<sup>43</sup> Zvino, hazvina zvazvinobatsira zvachose, sezvandambotaura, kuenda, kuenda, kunze kwekunge uine chimwe chinhu chekunotaura. Uye kana uine shoko risiriro rekunotaura, ipapo hazvina zvazvinobatsira zvachose. Unofanira kutaura kuti chii chakavanzika.

<sup>44</sup> Imwe nguva yapfuura ndaiverenga mubhuku, nezve mumwe mukomana mudiki aive . . . akapinda mumakwikwi. Uye mumakwikwi aya aifanira kuzviitira zita rine mukurumbira. Chero mukomana mudiki upi zvake aigona kuchengeta shoko rinopa mvumo mundangariro dzake kusvikira asvika pane imwe nzvimbo, zvino aizotaura shoko rinopa mvumo iri, zvino muchengeti wepagedhi aizomubvumidza kupfuura. Kwaive kuedza kutesva kwehungwaru hwemwana. Zvino paanosvika panzvimbo yacho, akataura mashoko akavanda aakanga apihwa, gedhi raizovhurwa zvino aizohwina kukudzwa kukuru.

<sup>45</sup> Mumwe mukomana mudiki, achiva mumhanyi mukuru, uye achiziva zvakana-naka kuti aigona kusiya vamwe vakomana vese munhangemutange, kana kuti akafunga kuti aigona. Aidzidzira zuva nezuva, zvekumhanya. Akapombapomba mapapu ake madiki, akasvitsa muviri wake wepanyama muchimiro chakanaka, kuitira kuti asaneta paanenge

achimhanya. Zvino akadzidzira kuti otanga sei netsoka dzake, oisa musoro pamberi pevamwe vakomana vese. Uye kuti anofanira kufema sei panguva yekumhanya kwake, kuitira kuti abate mweya wekufema waiuya mumuviri wake, kumuita kuti arambe achipomba, kuti zvirege kudzora moyo wake zvakananyisa. Akazvidzidza kubva kumativi ose aaigona.

<sup>46</sup> Uye mangwanani akatanga nhangemutange, pakanga paine vakomana vadiki vanopfura zana nemakumi mashanu vakaita mutsetse, verimwe zera. Mukomana mudiki uyu aive akaita semukomana ane muviri wakati kurei zvakanaka, pazera rake. Zvino akarangerira kudzidzira kwake kwese. Zvino akagadzirira. Vakaenda pamutsetse, vakaisa zvizo zvavo zvidiki zvatarisana ne—netambo inouyapo, vakasundidzira mhino yavo diki pairi. Akange adzidzira mirau yese yazvo, achizvigadzirira.

<sup>47</sup> Zvino pfuti payakarira, uye tambo ndokudamburwa, vakomana vadiki vakasvetukira kumberi. Zvino mukomana mudiki uyu akagwinya mumuviri kusvikira akasvetukira kure pamberi pevamwe vese. Zvino ndokudzika nemugwara racho nekumhanya kunotyisa, akanyatsodzidzira, kusvikira akakwanisa kusiya mukomana wese aive munhangemutange. Zvino akanga asvikapo, oo, kwenguva yakareba, pamwe miniti kana kupfura, uyo aimutevera akasiya vamwe vevamhanyi vaivepo asati asvika panzvimbo iyi.

<sup>48</sup> Asi, kudzidzira kwemuviri wake kwese, aive akanganwa shoko rinopa mvumo. Akanga akanganwa chinhu chaicho chaaifanira kutaura, kuti chimutendere kupinda pagedhi. Zvino akafamba achikwira nekudzika, uye akafunga nezvaro, nekuritsvagurudza mupfungwa dzake. Ainge afarira zvakananyanya zvepanyama, mamiriro epanyama emuviri wake, kusvikira akanganwa chinhu chine basa. Uko, zvichidzika nemutsara, vamwe vakomana vasina kumhanyisa zvakadaro, vakarangerira shoko rinopa mvumo, ndokupinda.

<sup>49</sup> Ndozvazviriwo nhasi! Tinofarira kwazvo kuvaka matemberi makuru, nemachechi nezvivakwa, nezvimwe zvakadaro, uye tichida kwazvo Kuchengeta machechi edu achitaridzika zvakanaka, nezvivakwa zvakanaka nezvigaro zvakanakisa kwazvo nemaogani akanaka. Vashumiri vedu vakanyatsodzidziswa kubva... Vane madhigirii eDoctor DL., Ph.D., LL.D., asi takakanganwa zvatiri kumhanyira. Ndiro dambudziko. “Endai, munoudza vadzidzi vaNgu kuti Ndamuka kubva kuvakafa uye ndichasangana navo muGarirea.” Takakanganwa shoko rine basa. Tanga takabatikana kwazvo nezvimwe zvinhu, tichigadzira machechi makuru, tichivaka masanganano makuru, kusvikira tazokanganwa shoko rine basa.

<sup>50</sup> Hupenyu hwakawanda hwakaponeswa nekuda kwekugadzirira zviitiko zviri kuuya. Imwe nguva yapfura, ndakaudzwa kuti kuFlorida, murume wenhau, vanoona

nezvemamiro ekunze, vakatumira nhau dzekuti kwaiva nedutu guru raiuya. Zvino mumwe murume aichengeta huku, zvino akaenda kumuvakidzani wake ndokumuudza kuti dutu raiuya. Akaramba kuteerera, ndokuti, “Hazvina maturo!” Zvino ndokuramba achingoenderera mberi. Haana kumbopfigira huku dzake. Haana kumbopinda munzvimbo yepasi yekuhwanda. Haana kumboita kana gadziriro ipi zvayo. Asi muvakidzani wake akaita gadziriro. Asi zvese, zveuyo asina kutora yambiro, huku dzake dzake dzakapeperetswa dzikauraiwa, imba yake yakaondomotswa, zvipfuyo zvake zvakararika, akaendeswa kuchipatara. Zvese nekuda kwekuti haana kuteerera nekutora yambiro! Aiziva kuti shoko rakapihwa, asi akatadza kuteerera kushoko racho.

<sup>51</sup> Ndiyo nzira yazvinouya nayo nhasi, nevanhu vedu vazhinji, nemachechi edu mazhinji. Tinoziva kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Tinoziva kuti Bhaibheri rinodzidzisa, Jesu akati, muna Mutsvene Johane 14:12, “Uyo anotenda maNdiri, kunyange, mabasa aNdinoita naiye achaitawo; mabasa makuru kupfuura aya achaitawo, nekuti Ndinoenda kuna Baba.” Zvino tange tichifarira zvimwe zvinhu, tisingatore yambiro, tisingateereri. Takamhanya, asi tisingateerere kuMharidzo. Takaenda, asi hatina kuziva zvekunoudza pataizovika ikoko.

<sup>52</sup> Mazuva mashoma apfuura apo machechi enyika ino, apo machechi eChikristu akaunzwa pakunyadziswa uye nekuzvidzwa, apo muranda anoremekedzwa uye anozivikanwa uye anotya Mwari, Billy Graham, akaunzwa pakutarisana chiso nechiso neBhaibheri. Akanga amhanya, asi akanga akanganwa Mharidzo; apo muMohamedhi uya akamira pamberi pechiso chake uye akamuudza kuti, “Kana iri riri Shoko raMwari, rega tikuone uchiRiratidza.” Akanga amhanya zvakakanaka, rumutsiro rukuru, zvinhu zvikuru. Asi, pazvakasvika panzvimbo iyi, akanga asina Mharidzo.

<sup>53</sup> “Ndamuka kubva kuvakafa. Ndini mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Vachimhanya panyama, machechi akanaka, nhengo dzakawanda, masangano makuru, asi haisi iyo nyaya yacho ine basa. Tarisai zvakatevera, “Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Endai, asi vasingazive zvekunoudza.

<sup>54</sup> Mwari havana kumbobvira vakatuma munhu kunze kwekunge Vamupa chimwe chinhu chekutura. Mwari vanogara vachisimbisa Mashoko aVo.

<sup>55</sup> Kuenda, asi usingakwanise kuzoudza kana wasvikako. Hazvina mhosva kuti rumutsiro rwenyu rwakakura sei, kuti chechi yenyu yakakura sei, kana kuti sangano renyu rinotonga mamwe zvakadini, kana musina chimwe chinhu chekuvaudza,

chii chamuinacho kunze kweboka revanhu vakaungana pamwe chete kunge kirabhu?

<sup>56</sup> Tine Mharidzo yekuudza nyika, “Jesu mupenyu! HaAna kufa!” Kuteerera kuMharidzo!

<sup>57</sup> Munyika huru ino yatiri kutenda zvino nokuda kwayo, United States of America, munyonganyonga yayo yese, mune zvinyadzi zvayo zvese, nzvimbo dzayo dzose dzakashata, zvakadaro ndiyo iri nyika hurusa pasi rese, uye pakutanga, nekuti yakavambwa zvakanaka. Haisati yatakura Mharidzo.

<sup>58</sup> Makore mazhinji apfuura, payakange iri muhucheche hwayo, imwe nyaya inouya mupfungwa dzangu, kuti maBritish vakanga vari kuzatora humambo hwenyika ino. Zvino pakanga paine boka revarume vakanga vakaungana pamwe chete uye vaive pabasa, vakarindira. Uye paiva nebhiza rakanga rakamira rakasungwa, nemutasvi akagadzirira kukwira chero nguva. Chinhu chekutanga chaakawana chaiva chiratidzo chekuti maBritish ari kuuya, zvino akakwira bhiza rake. Zvaizomubatsira chii kubaya-baya bhiza rake kuti rimhanye? Zvaigomubatsira chii, kurova bhiza nekuedza kuwana nzira yake kubva pachechi ipapo kuenda kuBoston? zvaizomubatsira chii kana ainge asina shoko rekuudza vanhu? Ko vaizoziva sei kuzvigadzirira pachavo?

<sup>59</sup> VanaPaul Revere vedu vechizvino-zvino vamhanya zvakanaka, asi, vari kungomhanya, hapana Mharidzo. Nguva yasvika, dambudziko ravepo! Nyika yave kumagumo! Machechi asangana nenhongonya yawo. Marudzi asangana nenhongonya yawo. Hupenyu hwevanhu hwasangana nenhongonya yahwo. Sainzi yasangana nenhongonya yawo. Takaronga nekuita machechi makuru, tikakwenenzvera vaparidzi vedu nekuvaunza pamwe chete panyama, kuti vazive kushandisa mashoko avo ezviito uye nemashoko anotsanangudza, uye neruzha rwavo ne—nezvivakisa mashoko zvavo zvese, nezvose zvakanangana nezvekushandisa pfungwa, kuti vataure nevanhu. Asi handizvo zvakataurwa naJesu!

<sup>60</sup> “MuZita raNgu vachadzinga madhimoni. Vachataura nendimi itsva. Kana nyoka inouraya ikavaruma, hayaizovakuvadzi. Kana vakaturika maoko avo pamusoro pevanorwara, vachapora.” Nyika inoda mutumwa ane Mharidzo, kuti azoudza chimwe chinhu, uye nekuziva kunobva Mharidzo uye kuti Inobva kuna Ani.

<sup>61</sup> Paul Revere, paakakwira pabhiza rake, murume wehumhare, murume ari munhorooondo chero bedzi paine nyika inofanirwa kuve yemunhorooondo. Akaita kutasva kuya kwakakurumbira achibva pamasitepisi epachechi, aine shoko rakavhundutsa munhu wese, kubva kumurombo wepasi-pasi kusvika kumupfumi wepamusoro-soro, kubva kumurimi kusvika kuna muzvinabhizimu, “MaBritish ari kuuya!” Uye varwi

vakazvigadzirira pane kurwiswa. Zvino nyika ino huru yakachengetedzwa.

<sup>62</sup> Kana nhaka yaMwari iyi, kana vanhu ava vakafirwa naMwari, kana Chechi iyi inodaizwa neZita raKe, ichizofanira kuponeswa, tinofanirwa kuve nemutumwa ane Mharidzo inobva paChigaro chehumambo, kuti imisidzane nekupikisa kwezva rino. Kuna Goriyati, asi Mwari zvirokwasvo vachave naDhavhidhi kune imwe nzvimbo. Tave kumisidzana nemupesani. Tinofanira kuva ne...Tinofanira kuva neMharidzo.

<sup>63</sup> Tiri kuenda, asi tisina chekutura. Zvinozviratidza, patinosvika panzvimbo yekuti nyika kana vanhu vanoramba Jesu Kristu kuva Mwanakomana waMwari, uye vomira pamberi pevashumiri vedu vanonyanya kupikisa zvikuru nhasi. Uyezve mumubatanidzwa wedu mukuru wechechi, tichiwana maCommunisti makumi matatu vaine mapepa kwemakore makumi maviri kana makumi matatu, kuti inhengo dzebato rechiCommunisti, mumachechi edu akabatana. Chii chatingaite? Zvinoratidza kuti vakamhanya vasina Mharidzo; vachitengesa hudangwe chaihwo hwenyika, vachitengesa hudangwe hwemazuva ose hweChechi.

<sup>64</sup> Zvese zvasvika pamangange. Zvasvika panzvimbo iyo Chechi diki yakatenda Mharidzo, ikamira netsoka mbiri, nemeso avo akatarisa kuMuchinjikwa, mumoyo mavo muine rumuko rwaJesu Kristu, rwuri kubvira! Zvasvika panzvimbo apo nyika dzinofanira kuCherechedza. Zvave kumangange. Ndosaka machechi...Apo Kanzuru yeMachechi, yavhengana-vhengana nechiCommunisti, ndosaka vasingagoni kutenda mune zvemweya. Ndosaka vasingagone kutenda mukupodza kwaMwari; havana kana chero Mharidzo mumoyo mavo, zvisinei kuti vanomhanya zvakaomarara zvakadii.

<sup>65</sup> Kana Mweya Mutsvene ukapinda mumoyo wemunhu, anotenda kuti Jesu Kristu akamutswa kubva kuvakafa, uye Mupenyu maari, kuti aite, uye aite kuda kwaAkauya kuzoita; kuda, kuda kwaMwari kuburikidza nemuhupenyu hwemunhu.

<sup>66</sup> Asi, dambudziko, tinomhanya, tinoenda tisina Mharidzo. Tinoenda nedzidzo yebhaibheri. Tinoenda neimwe mhando yedudziro yechechi yeMagwaro.

<sup>67</sup> Tinofanira kuenda nerumuko! “Endai, munoudza vadzidzi vaNgu kuti ndicharonga chechi itsva”? Kwete, changamire! “Endai, munoudza vadzidzi vaNgu kuti ndamuka kuvakafa, sezvandakareva kuti ndichave.” Ndiyo Mharidzo kuChechi mangwanani ano, kuti Jesu haana kufa. Mupenyu, uye achingori mukuru uye ane simba nhasi sezvaAkagara ari.

<sup>68</sup> Takave neshoko rakawanda reyambiro, rekuti tigadzirire, Paul Revere nevamwe varume vakuru, nehondo huru nemadutu, nezvinhu.

69 Ipapo, Mwari vanotumira Mharidzo yenyaradzo, zvakare. Iyi yaive Mharidzo yenyaradzo.

70 Imwe nguva yapfuura, pavaive nenhapwa kuMawodzanyemba, maBhunu akaunza kubva kuSouth Africa zvizvarwa zveko, vatinodaizwa, nhasi kuti, “munhu mutema.” Zvino vakavaunza kuno ndokuvatengesa kune vemuAmerica kuMawodzanyemba, vachivaita nhapwa.

71 Pane kumukira kukuru kwezvazvo muAfrica nhasi, kuponda, nezvimwe zvakadaro, zviru kuitika. Vari kurwira rusununguko rwavo. Vane kodzero yekurwuwira. Mwari vakasika munhu; munhu akaita nhapwa. Hazvina kumbobvira zvakaitwa kuti zvidaro.

72 Makore mashoma apfuura, ndaive munhandare, kana miziyamu huru, waro. Ndakanga ndichifamba-famba, ndichitarisa mifananidzo yakasiyana-siyana nezvinhu, nekuti ndinoyemura hunyanzvi hwezvigadzirwa. Ndinofunga Mwari vari mune hunyanzvi hwezvigadzirwa. Zvino ndakafamba ndichikwidza, ndikaona kuti paive nemurume weChitema mutana, akange akwegura kwazvo, mapfudzi ake akakombama, nekachikamu kadiki bedzi kebvudzi kugotsi kwake. Akanga akapfeka ngowani yake. Zvino aifamba-famba, uye zvimwe zvakada *kudai*, achitarisa-tarisa, sekunge aive akatarisa kana kutsvaga chimwe chinhu mumiziyamu. Ndakamira kumashure ndokumutarisa kwechinguva chidiki.

73 Uye mushure mechinguva akasvika pane rimwe bhokisi diki ipapo. Ndokutarisa mariri, uye ndokushamisika, zvino maziso ake akabva ajeka. Akasvetukira shure achibva pane bhokisi kwechinguvana, ndokubvisa ngowani yake diki, ndokuibata muruoko rwake. Zvino ndakamutarisa. Zvino apo mutema wakare akakotamisa musoro wake, misodzi yakatanga kudonha kubva pamatama ake. Zvino ndakamutarisa nekushamisika, kwechinguva chakati kuti.

74 Ndokubva ndafunga, “Ndichanoona kuti mutana wakare afadzwa nei.” Ndakapoterera nekudivi *iri*, uye zvakatardzika kwandiri kunge rokwe rakarara imomo.

75 Zvino ndakamutarisa akamira ipapo. Zvino ndakafambako, ndikati, “Makadii, sekuru?”

Zvino akati, “Makadii henyu, changamire.”

76 Uye ndikati, “Ndiri mushumiri. Ndashamisika kukuonai muchiisa munamoto panzvimbo ino.” Ndakati, “Ndingatenda kuti muri Mukristu.”

Akati, “Ndiri, changamire.”

Zvino ndikati, “Chii chakufadzai zvakanyanya?”

77 Akati, “Huyai pano.” Zvino ndakafamba nemutana, ikoko. Akati, “Munoona rokwe iro?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Akati, “Munoona kachidzvangwa kari apo?”

Ndikati, “Hongu, changamire.”

Akati, “Isai ruoko rwenyu parutivi rwangu.”

Ndakati, “Nzvimbo iyo yakakwasharara chii?”

<sup>78</sup> Akati, “Bhandi rehutapwa rakatenderera ipapo, rimwe zuva. Zvino *iro* iropa raAbraham Lincoln.” Akati, “Ropa rake rakandibvisa bhandi rehutapwa.” Akati, “Izvozo hazvingakufadzeiwo here, zvakare?”

<sup>79</sup> Ndakamira ipapo ndichishamisika. Ndakafunga, “Kana ropa raAbraham Lincoln ringafadza—fadza nhapwa, nekumubvisira bhandi rehutapwa, ko Ropa raJesu Kristu rinofanira kuitei kuvanhu vakaita saRosella pano, uyo aive nhapwa yakasungwa nedoro; kwandiri, aifa, ari munhu akaparara anosiririsa?” Akatora bhandi rehutapwa hwechivi kubva pamoyo wangu. Hazvingafanirwi kufadza munhu here? Hazvingafaniri here kumuita kuti anzwe zvakasiyana? Hazvingafaniri here kumuita kuti aremekedze kana achifunga nezvazvo? Haugone kuona muti ukasakotamisa musoro wako, zvachose, uchiziva kuti Jesu akadzikinura hupenyu hwako paMuti iwoyo.

<sup>80</sup> Tichienderera mberi, kwechingvana, nenhapwa, uye nepfungwa yedu. Paive nekuzivisa, Chiziviso cheRusununguko, chakasainwa, uye nhapwa dzaizosununguka pane rimwe zuva. Hauzive, oo, kana usati wambosangana naKristu, haumbofa wakaziva kuti izvozo zvairevei kunhapwa idzodzo. Parakaenda, shoko nemunyika yose, kuti, “MCHANGE MASUNUNGUKA PAZUVA RAKATI-RIKATI, PANOBUDA ZUVA. MURI KUZOSUNUNGUKA. HAMUZOFANIRI KUPFEKA MABHANDI EHUTAPWA ZVAKARE, UYE HAMUZORHWI NEZVAMBOKO ZVACHOSE. ASI WASUNUNGUKA, UYE WAVE MUGARI WEINO UNITED STATES HURU. HAUCHISIRI NHAPWA ZVACHOSE, MUSHURE MEKUBUDA KWEZUVA PANE MAMWE MANGWANANI AKATI-AKATI.” Oo, netarisiro huru vakamirira.

<sup>81</sup> Dai mutadzi aigona bedzi kuzviona izvozo! Dai mutadzi aingonzwa Vhangeri rechokwadi! Kwete kujoina chechi, asi kuparidzwa kweVhangeri, kuti unokwanisa kusunungurwa kubva kuchivi, kuti ugone kusunungurwa kubva kuchirwere chako. “Pane imwe nguva yakati-yakati,” ndiyo nguva yaunotenda.

<sup>82</sup> Munoziva, nhapwa idzodzo dzaifara kwazvo uye dziri pasi pekutarisira kwakadaro, dzakamirira nguva yadzaizosununguka, kusvikira, vanondiudza, kuti vakaungana pazasi pechikomo, vanaamai nevana vadiki, vese vakaungana, uye nevamwe vevatana. Zvino vakawira pamusoro pechikomo, panenge pakati pehusiku. Vakaziva kuti panobuda hutonga hwezuva uye zuva richibuda, kuti vaizosununguka. Hazvaitora

imwe hafu yeminiti kuti zuva ripenye kubva nepamusoro pechikomo, asi vamwe vavo vaive pamusoro pechikomo, vakatarisa, vakatarisa. “Oo, kana zuva rabuda, tasununguka.” Ndiye aive m-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a . . . kana kuti, z-u-v-a.

<sup>83</sup> Asi apo M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a akamuka rimwe remazuva ano! Zvino M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a paakamuka mamwe makore chiuru chimwe chinemazana mapfumbamwe apfuura, Akadambura bhandi rese rehutapwa, Akasunungura nhapwa dzese, Akapodza hurwere hwese, Akapa rusununguko kune avo vari muhusungwa. Tinofanira zvakadini kukwira nekutarisa!

<sup>84</sup> Zvino zuva parakadongorera, kutanga, murume ainge ari kumusoro-soro, akariona, zvino akashevedzera zasi kune murume aitevera, “Tasununguka!” Zvino murume akatevera akashevedzera kune murume uya ari zasi kwechikomo, “Tasununguka!” Kusvikira zvasvika kumusasa, “Tasununguka!” Nekuti, zuva raibuda, vakanga vakamirira, vakamirira, vakamirira nguva iyoyo.

<sup>85</sup> Tinofanira kunge takamirira zvikuru zvakadii, nhasi, M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a waMwari. Takasunungurwa kubva kuchivi. Takasunungurwa kubva pazvisungo. Takasunungurwa kubva kutsika. Takasunungurwa kubva mukuputa, kunwa, kuraradza, nekuti M-w-a-n-a-k-o-m-a-n-a waMwari akamuka kubva muguva uye akadambura makashu ese. Kupomerwa kwese kwaenda! Chikwereti chakabhadharwa. Murango wakabhadharwa. Zvivi zvakasukwa, uye takasununguka. Oo, tiri vanhu, vakasununguka! Hutapwa? Rusununguko, apo Mwanakomana waMwari anomuka nekupodza mumapapiro aKe!

<sup>86</sup> Rimwe zuva Achasimuka kubva paChigaro chehumambo, odzoka panyika. Uye zvakare tichava takasununguka kubva pamarwadzo ese nemiedzo yese, kusununguka kubva kune marwadzo epanyama uye nechero chose hacho chinoenderana nehupenyu hunofa, kunogara naYe nokusingaperi. Tichange takasununguka. “Endai, munoudza,” ndicho chinhu chekuita.

<sup>87</sup> Munguva yeBhaibheri, paive negore rejubheri raiuya. Vanhu waitengeswa nekuda kwezvikwereti zvavaiva nazvo, vainge vaine chikwereti uye votadza kuchibhadhara, saka vaienda vonozvitengesa kuvanhu, kuti vave nhapwa. Uye vaifanira kuve nhapwa yavo, nhapwa yavo vomene, hupenyu hwavo hwese. Asi, apo neapo, paiuya zuva renyasha, raizivikanwa segore rejubheri. Zvino kana gore rejubheri rasvika, ipapo paibva pabuda muprisita oridza hwamanda. Uye hwamanda iyoyo yairevera kunhapwa yese, zvisinei nekuti anga achishanda kwenguva yakareba zvakadii uye kuti kwanga kwasara imwezve nguva yakadii achiri kushanda, pairira hwamanda iyoyo, nhapwa iyoyo yaibva yasonungurwa. Aigona kuisa badza pasi oenda kumba kuvana vake. Haainge achiri kufanirwa



kushanda zvekare, nekuti aive asununguka panorira jubheri. Hwamanda iyoyo yaisapa ruzha rwusinganzwisike, asi yaipa ruzha rwechokwadi. Zvino munhu aigona kuisa pasi midziyo yake yebasa, oenda kumba asununguka kubva muhutapwa.

<sup>88</sup> Mangwanani ano, Bhaibheri rati, “Zvino kana hwamanda ikapa ruzha rwusinganzwisike, ndiani achaziva zvekuita?” Kana Bhaibheri rakaparidza kuti Jesu Kristu akamuka kubva kuvakafa, ndiYe mumwe chete zero, nhasi nekusingaperi, zvino hwamanda dzatiri kunzwa dzichiridzwa nhasi dzinoti, “mazuva ezvishamiso akapfuura, hakuna chinhu chakadaro chinonzi kupodza kwaMwari,” ndiani achaziva kuzvigadzirira?

<sup>89</sup> Chatinoda nhasi vatumwa vakazodzwa vanobva kuna Mwari! “Akamuka kubva kuvakafa! Ndiye mumwe chete zero, nhasi, nekusingaperi!” Ndiyo Mharidzo yezuva.

<sup>90</sup> Oo, kwakave neshoko guru, asi Esta yakava nhongonya yawo ose! Shoko guru; Esta yakava zvese hazvo! Kana vakafa... pakaitwa gadziriro yekuti muvengi wekupedzisira... Takanga taona hurwere huchipodzwa muTestamende Yekare. Takanga taona zvishamiso zvichiitwa muTestamende Yekare. Kwaive nezviratidzo zvakauya muTestamende Yekare. Asi munhu wese akaenda chaimo muguva, asingazivi kuti aizomuka zvakare here. Asi pamangwanani eEsta, apo vadzidzi ava vakawana Mharidzo hurusa ingawanikwa nemunhu chero upi zvake, vakawanei? “Endai, munoudza vadzidzi vaNgu, Ndamuka kubva kuvakafa!” Rufu rwakanga rwakundwa!

<sup>91</sup> Hakuna kumbove nemunhu panyika pano, hakuna muporofita, hakuna munhu mukuru, hakuna munhu mutsvene akambokwanisa kukunda... Vaigona kukunda hurwere kubudikidza neMweya waMwari. Vaigona kukunda nguva, kubudikidza neMweya waMwari, uye nekufanoona zvinhu zviriri kuuya. Vaigona kukunda izvozvo. Asi hakuna kumbove nemunhu akazodzwa nechizoro chakadaro kubva kuna Mwari, aigona kutaura chitaurwa ichi, “Ndinogona kuisa hupenyu hwaNgu pasi, Ndinoumutsa zvakare. Paradzai mutumbi uyu, Ndichaumutsa nezva retatu.” Hakuna kumbove nemunhu aigona kutaura chitaurwa chakadaro. Uye zvaive zvichivanetsa mumoyo yavo, kuti ichi chaive chokwadi here kana kwete.

<sup>92</sup> Asi mangwanani eEsta, vakapihwa Mharidzo, “Endai munyika yose, muparidze Vhangeri kuchisikwa chose. Ndakamutswa kubva kuvakafa. Tarirai, Ndinemi nguva dzose, kunyangwe kusvikira kumagumo enyika. Uyo anotenda uye akabhabhatidzwa achaponeswa, uyo asingatendi achatongwa. Uye zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda: muZita raNgu vachadzanga madhimoni; vachataura nendimi itsva; kana vakabata nyoka kana kunwa zvinhu zvinouraya, hazvizovakuvadzi; kana vakaisa maoko avo pamusoro

pevanorwara, vachapora.” *Mharidzo yeEsta*, ndeimwe yemharidzo yepamusoro-soro iripo. Rufu rwakakundwa!

<sup>93</sup> Tinofunga nezvemukundi. Napoleon, pazera remakore makumi matatu nematatu, aive akunda pasi rose. Akakunda nyika, akakurira nyika yose yaifanira kukurirwa. Zvino akanga aodzwa moyo kwazvo nekuti pakanga pasina mumwe munhu wekurwisa, akagara pasi ndokuchema. Paive pachisina mumwe munhu wekurwa naye, asi akatamba mirawo yemutambo wacho zvisina tsarukano. Makumi ezviuru zvezvipfeve zvakatevera mauto ake, akaenda nepfuti nemunondo. Pazera remakore makumi matatu nematatu, akanga akunda pasi rose. Asi aimbove anorambidza doro, asi ndokufa ari chidhakwa chemakoko, nekuti akange atamba mirau yemutambo zvisina tsarukano. Akanga akanganwa shoko. Akange akunda, asi akakanganwa shoko. Akaenda, asi akakanganwa zvaaiendera.

<sup>94</sup> Semukomana mudiki akamhanya nhangemutange, sechechi iri kumhanya nhasi, sevanhu vari kumhanya, senyika iri kumhanya! Hutiziro hwedu hausi mabhomba eatomiki, hutiziro hwedu ndiJesu Kristu pamwe nerumuko rwaKe.

<sup>95</sup> Napoleon aive akanganwa chinhu chine basa. Chii chakaitika kwaari? Akafa akakundwa zvachose, ave chidhakwa chaicho. Sei? Haana kutamba mutambo uyu zvakatsarukana, kunyange hazvo aive akunda pasi rose, panyama. Akanga agadzirira mauto. Aive nyanzvi pane zvokurwa hondo, akatora nyika dzese ndokuita zvinhu (izvo iye) zvaisambobvira zvakaitwa nemumwe munhu kana mumwe munhu akamboita, saiye, asi ainge akanganwa kuti shoko chairo raiva chii. Akanga aitora, akawana simba rake remauto, asi akakanganwa simba raShe.

<sup>96</sup> Simba raShe ndiro nyaradzo yedu. Hatina rimwe simba. Hapana humwe hutiziro hwandinahwo, hapana! Mwari ivai netsitsi! Torai hupenyu hwangu, asi musambofe makanditendera kukanganwa kwandinowana simba rangu. Rinobva kunaShe! Handidi zvakanakisa zvepanyika. Ndinoda Jesu, ndinoda rumuko rwaKe rwuchibvira muhupenyu hwangu.

<sup>97</sup> Zvakasiyana zvakadini naJesu Kristu pamakore makumi matatu nematatu! Pazera remakumi matatu namatatu, Jesu aiva muridzi wezvose; ndiYe akasika nyika. Uye Aive munyika, asi nyika haina kuMuziva. Haana kumbobvira akaZviitira mukurumbira. Haana kumbobvira akaunganidza chero munhu wemauto. Haana kumbobvira akaita sangano chero remachechi. Haana kumbobvira akaZviitira mazita makuru. Haana kumbobvira akauya aine chero madhigirii edzidziso, dzidzo yebhaibheri, nezvimwe zvakadaro, hapana kumbobvira pava nenhoroondo yaKe yekupinda mune chero chikoro chedzidzo yebhaibheri. Asi Akanga aina Mwari. Aiva naMwari. Uye pazera remakore makumi matatu nematatu, Akange akunda

dhimoni rese rakaburitsa musoro waro kubva mugehena. Akakunda hurwere. Akakunda zvekungofungidzira zvemweya-mweya. Akakunda madhimoni. Akange akunda rufu. Uye paAkafa paMuchinjikwa, Akaburukira kumakomba asina hwaro egehena, ndokukunda gehena.

<sup>98</sup> Uye pamangwanani eEsta Akakunda guva. Sei? Akatamba mitemo yemutambo zvakanaka, achimhanya neMharidzo. Aive, Akaenda! “Enda.” Mwari vakaMutuma, uye Aive neMharidzo yekuvaudza. Uye neMharidzo yaAkapihwa naMwari, Akakunda masimba aSatani. Akakunda hurwere. Akakunda rufu. Akakunda gehena. Akakunda guva. Sei? Akaenda! “Endai, munoudza!” “Ndinogara ndichiita izvo zvaNdinoratidzwa naBaba vaNgu kuti ndiite. Hapana chandinoina kunze kwezvaVanoNdiudza kuti ndiite.”

<sup>99</sup> Zvino Asati Afa, Akataura izvi, “Kunyangwe saBaba vakaNdituma, naizvozvo Ndinokutumaiwo.” Kwete kuvaka vanhu nesimba remauto; kwete kuisa nguva yako yese mune zvekuti ndiani achave Mutungamiri wenyika. Izvo zvinogona kuve zvakakosha, asi hazvina kukosha mune *Izvi*. Nyika yaenda. Tine Mharidzo imwe chete, inova, Jesu Kristu akamuka kubva kuvakafa, uye ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.

<sup>100</sup> Nezuro, mukamuri diki yedare remhosva, vaiedza kundiita kuti nditaure chimwe chinhu chisina kunaka. Ndakati, “Handisi tsotsi.” Ndikati, “Ndiri—ndiri—ndiri munhu akatendeka. Zvino iwe haugone kutaura zvimwe kunze kweicho chinova chokwadi.”

<sup>101</sup> Zvino mumwe murume aiva neni, akati, “Kana munhu akataura neni saizvozvo, ndinonzwa sekuda kumutema nebhuku.”

<sup>102</sup> Ndakati, “Kwete, changamire. Kwete, hazvina kunaka. Haisiriyo nzira yekuzviita nayo. Hazvina kunaka.”

<sup>103</sup> Akati, “Saka, sei usingazive kuti zvinhu izvi zviru kuitika? Sei usiri iwe uri kunze uko uchiita izvi?”

Ndakati, “Ndinoshandisa nguva yangu kushandira Jesu Kristu.”

<sup>104</sup> O Mwari, oo, vanhu mapofu uye havagoni kuzviona! “Sezvo Baba vakaNdituma,” Baba vakaMutuma, Akaenda. Aive neMharidzo yekunoudza vanhu. Uye munguva yekufa, Akakunda rufu uye Akakunda gehena, uye Akakunda guva. “Sezvo Baba vakaNdituma neMharidzo, Ndinokutumai neMharidzo; kwete kuvaka machechi, masangano, asi endai munyika yose muratidze Simba reMweya Mutsvene. Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda; muZita raNgu vachadzanga madhimoni, vachataura nendimi itsva, vachabata nyoka.” Uye sezvo mitumbi yedu ichienda muguva, sezvakaita waKe, Akakunda zvose rufu, gehena, pamwe neguva. Ndiye Mukundi ane simba.

105 Anotituma neMharidzo yaKe. Ngatiendei neMharidzo, toenda nechimwe chinhu chekunoudza. “Enda, unodza!” Kwete kumhanya uyezve usingazokwanise kutaura, ngatitange taiIsa mumoyo medu.

106 Paunouya kuzonamatirwa, mangwanani ano, usauye nenzira yese-yese. Huya neMharidzo mumoyo mako, “Ndini Iye aive akafa, uye mupenyu zvakare. Ndini Iye anopa Mharidzo, ‘Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.’” Kana Mwari Samasimba vakagona kutora ka—kacheche kadiki kane maziso akapesana vokadzorera kuona kwako kuti kuite sekwemumhu wese; Mwari vanogona kutora kacheche, kamukomana kacheche kakazvarwa, kasina kumbobvira kakaona muhupenyu hwako, uye aine makore gumi nematanhatu ekuberekwa, vodzoreredza kuona kwake kwaari zvakare; Mwari vanogona kutora munhu anosiririsa akadyiwa nekenza . . .

107 Uye nekuti Mharidzo ndeyechokwadi, nekuti Mwari vakatuma Mharidzo, nekuti Mwari vakatuma mutumwa, pasina kupokana kuti pfuti dzese dzegehena dzichange dzichimupfura. Ndizvozvo chaizvo, achagumburwa odonha, osimuka uye ozunguza musoro wake, uye oenderera mberi. Tine Mharidzo, hapana chichaImisa! Hareruya! “Pamusoro pedombo iri Ndichavakira Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haazomboIkunde.” Vanogona kutaura zvavanoda kutaura, voita zvavanoda kuita, dhiyabhore anogona kuita hukasha nekuhon’a. Asi Jesu akamuka kubva kuvakafa, Anorarama nhasi matiri!

108 Mazuva mashoma apfuura, ndichitaura naChiremba Lamsa mukuru, avo vakadudzira Bhaibheri kubva muChiAramaiki, kuenda kuChirungu. Zvino ndakaona chiratidzo chidiki chiya, chiratidzo chaMwari chiri ipapo, chiine madoo matatu machiri. Ndikati, “Chiremba Lamsa, chii icho?”

Vakati, “NdiMwari, vane hunhu hutatu.”

109 Uye ndikati, “Munoreva here kuti, Mwari vachigara mumahofisi matatu, sekuti, Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene?”

110 Vakasimuka ndokunditarisa, misodzi ikauya mumaziso emuJudha iyeye, vakati, “Munozvitenda here izvozvo, Hama Branham?”

Ndikati, “Nezvose zviri mumoyo mangu.”

111 Vakandimbundira, ndokuti, “Ndakashamisika pandakaona ipapo zvinhu zvikuru zvichiitika, nezviratidzo zvamainge muchiita.” Vakataura kuti, “Vakandiudza kuti maiva muporofita. Handina kuzvitenda, kusvikira zvino. Zvino ndava kuziva kuti muri.” Vakati, “Ndizvozvo! Ndiyo Mharidzo. Ndicho chinhu chichazunguza Humambo hwaMwari.” Hongu. Vakati, “Rimwe zuva uchaifira, mukomana.” Vakati, “Muchasimbisa chapupu chenyu nechinhu chimwe chete ichocho.”

112 Mumwe wevarume vakurusa vatinavo, apo Eisenhower nevarume vakuru venyika, Hollywood, nemhando dzose dzenyanzvi dzemabhaisikopo nezvose vachimudana, asi vakaramba varimo mumusangano. Vakati, “Ndave nemakore makumi matatu neanoraudzira, ndichiwana dudziro iyi, kwete kubva kuChiGiriki cheVatican, asi kubva muChiAramaiki; kubva ipapo chaipo, kubva muChiAramaiki, kuendesa kuChirungu.” Zvino vakati, “Ndakapedza nguva yese iyoyo,” vakati, “Ndangobva zvino kufamba ndichipinda munzvimbo yandinooona Mwari weBhaibheri, vachifamba.” Vakati, “Munoziva, Hama Branham, tinogona kuona zviratidzo nezvishamiso, asi tinotarisa kuti Izwi ripi rine chiratidzo. Isu maJudha, tinoona chiratidzo, asi tinotarisa Izwi rechiratidzo.”

113 Oo, Hareruya! Izwi rechiratidzo! Mwari vakaudza Mosesi, “Kana vakasanzwa Izwi, Izwi rechiratidzo chekutanga, saka vachanzwa Izwi rechiratidzo chechipiri.” Kwete zvakanyanya chiratidzo, asi Izwi rakaenda nacho.

114 Munooona, muJudha iyeye, aiziva zvaaitaura pamusoro pazvo. Vakati, “Ndakaona kunzvera, ndakaona zviratidzo, zvishamiso, mapofu achipodzwa, nemhando dzose dzezviratidzo zvakasiyana-siyana, asi ndakashaya kuziva, asi zvino ndiri kuona Izwi seri kwacho harisi kuzodimbura Mwari muzvikamu zvitatu, uye richiti, ‘NdiMwari mumwe, Baba, uye anotevera, Mwanakomana, . . .’ Vanoti, ‘Mwari ndiMwari: hunhu hutatu hwaMwari; mahofisi matatu aMwari.’” Vakati, “Izvozo zvinorisimbisa.”

115 Oo, hama, tine Mharidzo! “Endai, munoudza vadzidzi vaNgu! Ndakanga ndisiri *uyo* akafa, uye *mumwe* wacho ave pedyo nekufa, uye *mumwe* wacho mupenyu. Ndini Iye Aivapo, Aripo, uye AchaUya; Mudzi neBukira raDhavhidhi; Nyamatsatsi yaMangwanani Inopenya.” Hongu!

116 Zvinobatsirei kuenda, zvazvinoita kuenda, kana usina kana chimwe chinhu chekunoudza? Iva nechinhu chekunoudza, ndizvozo: “Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, anokudai mese. Akafira imi mose. Idai Jesu Kristu Mwanakomana waMwari.”

117 Vangani vakambova mumisangano, uye vachiona zviratidzo zvikuru nezvishamiso zvekuonekwa kwaKe—kwaKe, kuti Vanonzvera sei uye nekuratidza, nezvinhu? Ndivo Mwari veKudenga, Vakamuka kubva kuvakafa.

118 Munofanira kuona chiratidzo chechiratidzo chechiHebheru chaCho. Chiedza, seShongwe yeMoto, uye imomo mune mavara madiki matatu, Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, vaive vasiri vanhu vatatu. Aive Mwari mumwe chete aigara mumahofisi matatu. Mwari mumwe chete! Hareruya! Mwari vari pamusoro pako, Mwari vanewe, Mwari vari mauri. Mumwe chete achiZvideredza, achichenesa Chechi yaKe, kuti

Agaremo. Pauno Mucheka kuita zvidimbu, woisa chimwe kunze *kuno*, uye chimwe neche *kuno*, chimwe *apo*, ndezvechihedheni sezvazvingava.

<sup>119</sup> Ndinotenda rumuko rwa Jesu Kristu, akamuka kubva kuvakafa. Uye Ndiye Munhu ega aigona kutaura kuti, “Masimba ese muMatenga nepanyika akapihwa muruoko rwaNgu. Masimba ese eMatenga nepanyika akapihwa muruoko rwaNgu. Endai munyika yose, munoparidza Vhangeri kuzvisikwa zvose.” Vhangeri harina kauya neshoko chete, asi kuburikidza nesimba uye nekuratidzwa kweMweya Mutsvene. Mwari vakubatsire kuti utende izvozvo, Mwari vandibatsire kuti ndizvitende izvozvo, uye tichaona Jesu rimwe zuva.

Kana kushingaira kwehupenyu kwapera,  
tichaona Jesu pakupedzisira;  
PaChigaro chaKe chehumambo chakanaka  
Achandigamuchira Kumusha,  
Kana zuva rapfuura. (Ndizvozvo.)  
Jecha rakagezwa mumatsimba etsoka  
EMutorwa uya kubva pamahombekombe  
eGarirea.

<sup>120</sup> VakaMuuraya nekuti Akazviita Mwari pachaKe, uye Aive Mwari. VakaMaturika, nekuti, Akafira pasi pemutongo werufu. Ndicho chikonzero ndisingatendi mumutongo werufu. Jesu akafa pasi pe—pemurango wemutongo werufu kubva kuhurumende yemubatanidzwa yeRoma. Mutongo werufu, waive, kurembera pamuchinjikwa. Akafira pasi pemutongo werufu, vakabvisa hembe dzaKe dzose paAri, ndokurembera ipapo, ndokuMunyadzisa, uye Akafa muchinhano ichocho. Asi Mwari vakaMumutsa nezva retatu!

<sup>121</sup> Uye isu tiri zvapupu zvaKe. Zvino kana tisingaMumiririre, ndiani achaMumiririra?

<sup>122</sup> Mumwe murume akasangana neni rimwe zuva, akati, “Oo, Hama Branham, imi musataura. Imi regai kutaura. Imi—imi munorwadzisa vakadzi, nezvavo zvekuva nebvudzi pfupi, uye nezvavo vachiita *izvi* nekuita *izvo*, nezvimwe zvakadaro.”

<sup>123</sup> Ndakati, “Kana ndikasavaudza, ndiani achavaudza? Ndiani achazvitaura?”

Akati, “Saka, munoita kuti vaparidzi ivavo vashatirwe.”

<sup>124</sup> Ndingasva hangu kuti vanditsamwire, pane Ivo. Ichokwadi. Ndizvozvo! [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Ndizvozvo. Ndiani achazvitaura? Mumwe munhu anofanira kuzvitaura.

<sup>125</sup> Jesu akati, “Endai, munoudza. Endai munoudza, munoudza vadzidzi vaNgu kuti Ndamuka kuvakafa. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Tarirai, Ndinemi nguva dzose, kunyangwe kusvika kumagumo enyika.”

126 Munozvitenda izvozvo here, shamwari?

Ngatinamatei, tichikotamisa misoro yedu zvino kuti tinamate.

127 O Mwari Baba! Chokwadi, “Endai, munoudza. Endai, munoudza vadzidzi vangu kuti ndamuka kubva kuvakafa.” Uye Mwari Baba, haMuna kungoudza vadzidzi veNyu bedzi, asi Makavaratidza kuti Makamuka kubva kuvakafa. MakaZviratidza pamwe navo, uye mukaita chaizvoizvo nenzira yaMakaita Musati mafa. Makore chiuru nemazana mapfumbamwe akauya uye akaenda, Ishe, Mharidzo ichiri kubvira. Ichiri kungopenya nekubvira mumoyo yedu nhasi sezvayaive vadzidzi ivavo, nekuti tinoona Ishe vakamuka pakati pedu chaipo, vachiita zvinhu zvaVakaita kumashure. Tinoziva kuti Vakamuka kuvakafa.

128 Esta inoreva zvakanyanya kwatiri, nekuti takabatanawo uye tichinakidzwa nekuyanana kwerumuko rwaKe. Nekuti isu takambenge takafa muchivi nekudarika, semwanakomana muparadzi, asi zvino takawana nyasha, uye Mwari vakatikanganwira zvivi zvedu. Vakati pawo Chisimbiso, sezvaVakaita Baba Abrahama, kusimbisa kuti Vakatigamuchira. Baba Abrahama vakati vakatenda Mwari, asi Vakamupa chisimbiso chekudzingswa zvichitsigira kuti vaiMutenda. Uye zvino, Baba, nhasi tinodzingiswa neMweya Mutsvene, zvinhu zvese zvepanyika zvapfuura. Tine chinangwa chimwe chete: kuKushumirai. Tine chishuvo chimwe chete: kuKudai, kuva mudzidzi weNyu.

129 Uye zvino, Ishe, ndinonamata kuti Musimbise mharidzo ino diki yakapamuka-pamuka kumoyo wese. Ngavarege kuzvipotsa. Itai kuti vaone kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, kuti Muri pano, makamutswa kubva kuvakafa, uye muchavepo kusvikira mwe—Mweya nemutumbi zvatatana pamwe chete zvakare paKuuya kweChipiri.

130 Ndinonamatira vanorwara vari pano, Baba, mangwanani ano. Izvozvi ndine, mangwanani ano eEsta, zvaiswa parutivi (kana kuti, kwete zvaiswa parutivi, asi zvangogadzika pano kwechinguvana) zvipo zvaMakandipa, zvakaita sekunzvera. Pasi rose, ndanga ndichikwidza nekudzika nedzinyika, Ishe, vese vanozviziva. Zvino ndinonamata, kuti, Mharidzo yaMakandipa kumusoro kuno mumasango, iyo, mazua mashoma apfuura, kuti, pasimba rekusika riya riri muचेchi ino mangwanani ano, vanhu vacho chaivo varakasikirwa pavari, ndinonamata, Mwari, pandiri kuuya kuzoturika maoko angu pane vanorwara mangwanani ano, pamwe nehama dzangu pano, kuti Muchawira pachechi ino mangwanani ano, netsitsi, uye kuti Muchapodza vanhu, kuti hapazovi nemunhu mumwe ane hutera pakati pedu kana shumiro yapera. Dai mumwe nemumwe wavo akaropadzwa uye akapodzwa.

<sup>131</sup> Tinocherechedza, Ishe, kuti hachisi chinhu chatinogona kuita zvekuzvikuchidzira kwachiri. Kutenda kwakareruka kwakaita sekwemwana, uchitenda. Tinogona kuona vadzidzi mushure mekunge vapihwa simba rekupodza vanorwara, vakaenda ndokukundwa nechinhano chepfari; vachidanidzira nekuchema, pamwe, nekusvetuka-svetuka, nekuedza kuita kuti dhimoni iroro ribve. Asi parakasangana naJesu, oo, zvaive zvakasiyana zvakadii! Akati, “Iwe mweya wakaipa, buda maari.” Musiyano wakadii! Oo, rakaziva kuti uyo akanga asiri muapostora. Vaive Ishe pachaVo. Zvino mweya wakavhiringa mukomana ndokumukandira pasi. Asi Jesu akati, “Haana kufa. Chingomusimudzai monomupa chikafu.” Mweya wetsvina wainge waenda.

<sup>132</sup> Oo Jesu, Mwanakomana waMwari, huyai zvakare, zodzai Chechi yeNyu zvakasununguka, zvizere, zvine simba. Dai Mweya waJesu anorarama akamuka wamutsa chechi ino diki mangwanani ano mune kutenda kutsva, simba, simba rekutenda, kuti tiise mupikisi wese mukunyadziswa. Zviitei, Ishe. Ndichikumikidza vanhu vese ava kwaMuri, ndichikumbira kuti Muvaropafadze nekuvapa ruponeso kumweya yavo, kupodza miviri yavo, kuburikidza naJesu Kristu Ishe wedu.

<sup>133</sup> Uye takakotamisa misoro yedu, ndiri kuzobvunza mubvunzo. Pane mumwe here pano asiri Mukristu, anoda kurangarirwa zvino, uye oti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham”? Mwari vakuropafadzei apo. Mumwe munhuzve, “Handisi Mukristu. Ndanzwa nhau dzekuti Jesu akamuka kubva kuvakafa, asi chaizvo handizvizive. Haana kumbobvira akamuka mumoyo mangu. Handina kugutsikana. Ndiri kurwarawo, zvakare. Ndinopfuura nemumutsara wekunamatorwa, ndodzoka ndopfuura nemune mumwe, ndodzoka ndopfuura nemune mumwe. Ndinoenda ndichibva kuchechi ndichienda kune imwe chechi, nenzvimbo nenzvimbo.” Handizvo izvozvo. Zviri mukuMutenda. Akamuka kubva kuvakafa. Zvatoringana. Mumwe munhu ungasimudza ruoko rwako? Iti... Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Mumwe munhuzve, “Ndinoda kutenda. Ndinoda kutenda”?

<sup>134</sup> Vangani vari kurwara muno? Simudzai ruoko rwenyu, muti, “Ndinoda kutenda. Ndinoda kuziva Mharidzo mangwanani ano.” Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Hongu, Mwari vakuropafadze, mwanakomana. Zvakanaka. Zvakanaka.

<sup>135</sup> Zvino, Teddy, ndinoda kuti uridze “*Chiremba Mukuru,*” kweminiti chete, kana ungaro, “zvino ava pedyo.” Uye paunenge uchiita izvozvo. . .

<sup>136</sup> Zvakaoma iko zvino. Zviratidzo zviri kupamuka kwese-kwese muchivakwa, maona. Hongu, ndiri kuedza kuti, ndanga ndichiedza kurega ino ive rumuko, rwuri neche pamusoro zvishoma, neche pamusoro zvishoma kubva pa—kubva pamurwi



wemadota wandagara pauri. Ndiri kuda chizaruro chakati wedzerwei zvishoma. Ndinoziva chinhu chimwe: Chero bedzi ndichibatirira pashumiro iyoyo yekutanga, yechipiri haiuye, haina kuuya. Zvino chero bedzi ndakabatirira pane yechipiri, yechitatu haiuye, maona. Ndinofanira kunyatsobuda, kubuda nekuzvitenda, “Mwari vakadaro!” Mazuva mashoma apfuura. . .

<sup>137</sup> Zvino munokwanisa kusimudza misoro yenyu zvino kana muchida henyu. Ndaona maoko enyu; Mwari vaaona.

<sup>138</sup> Ndinoda kukuudzai chimwe chinhu chidiki. Hama Ed Daulton, ndinotenda kuti vachangopinda napamusuwo, hama yakanaka yechiBaptisti, ivo nemudzimai wavo. Hama Jeffries vari pano pane imwe nzvimbo. Othel Jeffries. Uye vari pano, ndinoziva kuti vari pano pane imwe nzvimbo. Zvisinei, hama idzodzi dzainge dzagadzira musangano wekuti ndiende kwauri, zasi kuKentucky. Hama, hama dzinokosha, vachida nharaunda yavo kwavanogara nevanhu vavo. Vakawana maodhitoriyamu uye nedzimba dzemunochengeterwa zvimbo nezvinhu, kungoitira shumiro yehusiku humwe chete, vaive varena nzvimbo dzinochengeterwa zvimbo. J. T. Hoover mudiki, chero zvaive rake. . . L. G. Hoover anga agadzira imwe zasi muElizabethtown. Zvino Hama Ed Daulton uko kuWillow Shade kana kuti—kana kuti Somerset, Somerset. Uye hama, imwe hama yaive zasi neche kuGlasgow, kwandakaberekerwa. Vanhu vari ikoko kwandakaberekerwa uye nekurerwa, uko Mutumwa waJehovha akaoneka kekutanga kwandiri.

<sup>139</sup> Uye ndaida kudzokera. Asi ndakanzwa kakuyambirwa zvishoma. Uye ndikati, “Saka, nekuda kwehama, ndichaita musangano.” Pandakangosvika mumupata uyu, huro yangu yakabva yavharwa zvachose uye handina kutaura kwemazuva mapfumbamwe, kusvikira misangano yapfuura.

<sup>140</sup> Hama Ruddell, vanogona kunge vari pano mangwanani ano, zvakare, imwe yehama dzinobva patabhanakeri ino, ivo naJunie Jackson nevamwe, ndaifanira kuvaitira musangano. Uye pakarepo, huro yangu yakangovhara. Zvino chinhu chekutanga munoziva, ndakaita fivhiri iri kumadhigirii makumi mana eCelsius. Uye ndakanga ndichienda kumusangano, kutanga, uye—uye Chiremba Schoen vakati kwandiri. . . Ndakati, “Pahuro pangu pashoshoma.”

<sup>141</sup> Vakati, “Ndichakupai chimwe chinhu kuti chinyevenutse pahuro, uye moenderera mberi nekuparidza.” Zvino ndakatora chimwewo chinhu chavakandipa, uye, zvachaiva, chakakonzera kuzvimba kwemukati memhino uye ndokuivhara. Ndokubva ndarara mumubhedha kwemazuva mapfumbamwe, ndichingova nefivhiri yaipisa kwazvo.

<sup>142</sup> Vazhinji vehama dzangu pano vakauya kwandiri, hama zhinji dzine mukurumbira dzakauya kuzondinamatira. Hevano!

Hama Graham Snelling vakauya, Hevano i Hama Ruddell vakauya, hama dzose idzi dziri pano, vese vakaungana mukati, vachinamata nezvimwe zvese. Ini ndichinamata, ndichiedza nepandinogonesa napo, ndaitotadza kana kuzevezera. Ndakanetseka, “Ndezveiko zvose izvi?” Mudzimai wangu mudiki akanaka akagara apo, iye nevamwe vachindinamatira, zvakangoramba zvakangodaro. Vakatatadza kuzvinzwisisa.

143 Zvino, akandipa mumwe mushonga wekuti nditore, asi handina kuutora, nekuti waiva zvinodhaka. Zvino ipapo ndakangozvisiyawo zvakadaro. Uye ndakangoramba ndichifunga, “Ishe, chokwadi!”

144 Zvino ipapo, mushure mekunge misangano yapera, uri Muvhuro (ndiwo waiva, musangano wekupedzisira, waifanira kuva musi weMugovera), uyezve (ndinotenda), uyezve, nemusi weMuvhuro ndainge ndamboedza kumuka. Ndakanga ndakarukutika zvakanyanya, ndaitadza kupfuura nemukamuri. Ndakagara pasi.

145 Munoziva, ndinotenda zvikuru nemudzimai wandakapihwa naMwari. Hamudaro here, hama? Mudzimai chaiye, shamwari chaiyo!

146 Ndakagara pasi. Ndakamudeedza neruwoko, ndokumuita kuti aswedere pedyo neni. Zvino ndikati, “Meda, dzimwe nguva handizivi.” Ndikati, “Handizivi kuti, chii chiri kunetsa.” Ndakati, “Sei misangano iyi iriko, uye Mwari vondirega kuti ndirare seizvi?” Ndakati, “Sei zvaive zvakadaro?” Uye ndikati, “Dzimwe nguva handizivi kana Vakatombondidana.”

147 Akati, “Hausi kuzvinyarirawo here?” Maona? Uye akandiudza, akati, “Bill, hauzive here kuti Mwari vanoziva zvaVari kuita newe? Chingo, chingonyarara.”

148 Saka ndakapinda. Izvozvo zvaka ita sekunditsiura zvizhoma, munoziva. Uye saka ndakapinda ndokurara pamubhedha. Akapinda kuti achinje machira. Uye ainge ane zvi—zvinhu zvaive zviru paruoko rwake, zvino paakatanga kubuda, ndakatarisa, zvino pakange paine. . .

149 Ndakaona yak-. . . chivakwa chikuru kwazvo chezvombo, icho zuva rakanga rachipenyera zvino ndokuputikira pasi, ndokuchiputitsa kuita zvimedu-zvimedu, zuva richipenya zasi richibva Kudenga. Zvino pakauya vakadzi vatatu nemurume mumwe chete, ndokuuyapo. Uye vakange vakabuditsa sekunge diki kwazvo, kunge diki. . . imwe mhando yepfuti diki dzekupfurisa, tingati. Zvino akati, “Idzo dzinokomerera zvikipiri.” Zvino ndokuti, “Ticha. . . Batai zvidimbu izvi zvakamira, Hama Branham, uye tichakuvakiraizve imba ino yezvombo kuitira imi.”

Ndikati, “Zvakanaka, ndichaita saizvozvo.”

<sup>150</sup> Asi Chimwe chinhu chakati, “Usazviite.” Saka, ndakakotama pasi kuti nditore chidimbu, *sekudai*, kuti ndiivake *seizvi*. Zvino pakare ipapo Izwi rakataura neni, ndokuti, “Zvino vava munzira kuti vakutore kuti udzokere. Usazvitende.” Ndokuti, “Vanogara vakaperera kwazvo, uye vari kuuya kwauri ne ZVANZI NAJEHOVHA, asi vari kukanganisa.” Maona?

<sup>151</sup> Fred Sothmann, vazhinji vavo vari pano, vainge vatoriko pandakavaudza nezvazvo. Pasina kana awa, vanhu vakatyaira mota kusvika pamusuo wangu. Ndikati, “Pane vakadzi vatatu nemurume.”

“Ndizvozvo chaizvo.”

“Vauya neZVANZI NAJEHOVHA?”

“Hongu, changamire, ivo . . .”

<sup>152</sup> Ndikati, “Hongu, munoziva zvekuvaudza.” Vakaperera zvisizvo, maona. Vanhu vakanaka, asi vakaperera zvisizvo. Maona?

<sup>153</sup> Ipapo ndakafunga, “Saka, chii chandingaite? Chii chandinofanira kuita?” Zvino Meda akabva apinda, uye akange adzokera. Zvino Hama Freddie vakaenda ndokunoudza vanhu macho. Uyezve mushure mechinguva, ndainge ndirimo pa—pamubhedha, uye ndakafunga, “Sei zvichiitika nenzira iyoyo? Sei ndisingagone kutaura? Sei ndisingakwanise kutaura kune mumwe munhu, kana chimwe chinhu?” Zvino ndakanga ndakarara imomo. Zvino Meda akapinda, uye akanga odzokera achibuda mukamuri.

<sup>154</sup> Ndokutarisa, zvino ndikaona chimwe chinhu chakavaima kune rimwe divi. Uye ndakatarisa, zvino paive neichi . . . madziro angu akavhurika, zvino ndakaona Jesu. Vangani venyu vakambondinzwa ndichitaura kuti ndakaona Jesu kaviri muchirapenyu hwangu, muchiratidzo? Uye ndakatenda kuti ndaizoMuonazve nguva yekupedzisira isati yasvika, munoona, kuMuona zvakare. Zvino, ndakatarisa, zvino matenga aive kunze uko, zvaitaridzika sekunge ndakatarisa nemumadziro. Zvino paive neBhaibheri rakamira *sekudai*, Bhaibheri guru rakamira muchadenga. Saka, paive nechimwe chinhu chakave nechiedza chakakomberedza Bhaibheri, uye kubva muBhaibheri makabuda muchinjikwa wakanaka chaizvo wegoridhe. Uye wakamira *sekudai*, uye zviedza zvaiuya zvichibva kumativi ese pauri, zvino kubva mumuchinjikwa iwoyo Akafamba. Bhaibheri rairatidza muchinjikwa, muchinjikwa uchiMuratidza. Zvino Akauya achibuda kunze, ndokufamba achidzika kusvika pandainge ndiri chaipo. Ndiri kuzviona zvakanyatsojeka, ndiri kuona muchinjikwa iwoyo uchiratidza chadzera chebvudzi raKe akamira ipapo, rakaremba zasi kwechiso chaKe.

<sup>155</sup> Akatarisa zasi kwandiri *sekudai*, uye Akati kwandiri, “Wakamirira kuti shumiro yako itsva isimbiswe kwauri.” Akati, “Ndakatoisimbisa kare kwauri. Yakatosimbiswa

kare. Unofanira kuzvigamuchira.” Maona? Zvino ndakamira ndokuMuteerera kwechinguvana. Uye zvakauya mupfungwa dzangu. Handina kuzvinzwa, zvakangouya mupfungwa dzangu.

<sup>156</sup> Semunhu wekuti anga ari mutadzi hupenyu hwake hwese, asi anoziva kuti kune Bhaibheri, anoziva kuti kuna Mwari, asi pakarepo anonzwa mharidzo, zvino chimwe Chinhu chinomuudza, “ndiwe.” Zvino, Shoko rimwe chetero iroro ragara riripo nguva dzese, asi rakasimbiswa kwaari, ipapo anobva ati, “Ishe, ndiregerereiwo.” Asi hazvina zvazvinobatsira kusvikira agamuchira ruponeso rwake, zvararo anobva abuda uye ave muKristu. Zvisinei kuti anochema zvakadzi, kana kukumbira zvakadzi, anofanira kuZvigamuchira.

<sup>157</sup> Zvino akati kwandiri ipapo, “Unofanira kuzvigamuchira nenzira imwe cheteyo. Unofanira kuzvitenda.”

<sup>158</sup> Ndinotyia kukundwa. Chero chii zvacho, ndinotyia kuti ndichaunza kuzvidzwa. Ndinogara ndichizvitya, ndichitarisa, ndichifunga kuti ndichadana chinhu chisicho. Nekuti, ndakatora yambiro yeBhaibheri, yekuti Mosesi akapihwa simba guru, ndokurova dombo pane kutaura naro. Ndinorangarira Eria, nekuti akaita mhanza, vana vadiki ivavo vachimuseka nekuda kwekuva nemhanza; zvino akaisa chituko pavana ivavo, uye makumi mana nevaviri vavo vakauraiwa nezvitsere, munoono. Uye wakanga usiri Mweya Mutsvene, asi aive muporofita iyeye, akashatiriswa. Uye nda—ndakapfuura nemuzvinhu zvese, ndichiuya kune izvozvo.

<sup>159</sup> Zvino hapo paAive akamira, achitaura neni. Zvino Akati, “Asi unofamba nevakawandisa.” Akati, “Kuti ufambe neNi, uchafamba uri wega.”

<sup>160</sup> Ndakanga ndaona zvino, ndakanga ndichiyana kuita hany’ a nemasangano nezvose, munoono, mumwe munhu achiedza kukuudza zvekuita uye nezvekusaita. Unofanira kuMutevera. Zvino, munorangarira chiratidzo chaAkandipa pamusoro pehove, munoziva, uye kuti haukwanise kudzidzisa zviratidzo zvemweya kuvacheche vechiPentecosti. Munorangarira. Uye hepanoi pazvaive. Uye ndiri panhongonya chaipo peMharidzo ino itsva.

<sup>161</sup> Chiratidzo chisati chandisiya, ndakati, “Ameni, Ishe!” Zvino mudzimai wangu aive akamira ipapo, akapotsa afenda. Zvino ndakasvetuka kubva pamubhedha, ndaigona kutaura zvakana sezvandakagara ndichiita. Pakare-pakare, fivhiri yose zvayo yakandisiya.

<sup>162</sup> Ndakafonera Chiremba Schoen, ndikati, “Ndinoda kuti munditarise.”

Vakati, “Chii?”

163 Ndakaenda ikoko, ivo ndokunditarisa, ndokutarisa nemukati memhino macho, vakati, “Ndiudzei zvaitika, Hama Branham.”

Zvino ndikati, “Munozotenda nyaya yangu here?”

Vakati, “Ko ndingaipokana sei? Handiti zvaitika.”

164 Ndizvozvo, munoona. Ndizvozvo, shamwari. Mwari vanoziva kukubata pamurwi wedota. Vanoziva kukuitira chimwe chinhu kusvikira Vakwanisa kuunza Mharidzo kwauri, munoona, kuti uite chimwe chinhu.

165 Nhasi, handizive kuti kukundikana kwakawanda sei. Ndakapinda kasiri kare, ndaiteerera nhepfenyuro yeredhiyo. Zvino paive nemushumiri aiparidza nezverumuko, kubva kuna VaKorinde Vekutanga 15. Uye ainge achiparidza rumuko. Zvino akamira pakati chaipo pemharidzo yake, ndokuti, “Munoziva, vanhu vazhinji kwazvo vanotyva kukundwa.” Akati, “Apo Mukuru wehondo Patton akarasikirwa neboka remasoja,” akati, “zvino ndokubva vamuudza... Akatumira ikoko zvino aida mamwezve, uye ivo vakamutumirawo mamwezve. Akavaurayisa, ndokukumbira mamwezve. Zvino paakawana boka rechitatu kumusoro uko,” akati, “nguva yese yairira bara, vaimhanyira pasi petini, kana kumhanyira pasi pechimwe chinhu, vachitya.”

166 Akati, “Nditumirei varume, kwete pwere.” Akati, “Ndinoda varume vakagadzirira kufa. Handiki munhu anotyva kufa. Kana chikonzero chatiri kurwira chisina kukodzera kufira, saka vagarisei kure neni. Ndinoda varume.”

Vakati, “Asi wakundwa pawarwa kaviri kana katatu.”

167 Akati, “Handisati ndakundwa muhondo. Ndangokundwa pakurwa.” Chimwe chinhu chakataura mumoyo mangu.

168 Ndinorangarira Eisenhower akati, “Pandakakanda bara, ndikaraira ivo ndokukanda nyere mupfuti, vakairidza zvino yaive ichingopotika-putika, haina kushanda,” akati, “Handina kurega uye ndokusarenda. Ndakakandira bara kunze ndokuisa rimwe mukati, ndokuriedza. Kana risina kushanda, ndaizoisa rimwe mukati, kusvikira rimwe rashanda.”

169 Ndiyo nzira yazvinofanira kuitwa nayo. Handizive kuti zvichave sei. Asi Mwari seMutongi wangu papurupiti ino, handizive kuti kuputika-putika kungani uye ku-kurwa muhondo kungani kwandichakundwa, asi handizokundwa muhondo yacho. Vakandiudza kuti Vachave neni. Ndichamira kusvikira ndaona shumiro iyoyo yasimbiswa uye ndichiona ichishanda. Ndinotanga mangwanani ano, nenyasha dzaMwari. Handizivi kana zvichashanda pano, kana zvichashanda kune imwe nzvimbo, kuti zvichashanda sei kana kuti zvichaitika here. Asi ndichafamba ndichidzika nemitsara yekunamatira,

ndichinamatira vanorwara, kudzamara ndaziva zviri kuitika. Ndakazviona zvichiitika kaviri kana katatu.

<sup>170</sup> Ndakazviona zvichiitika mumba maHattie. Vangani vakambonzwa nyaya yetsindi, uye nezve musikana, mudzimai mudiki? Munhu wekutanga pane vese kubvira zvatakaziva, kubvira pamazuva evadzidzi, akambopihwa mukana wekuti, “Kumbira chaunoda,” paunenge uri ipapo. Makamboinzwa here nyaya yacho? Makamboona mudzimai wacho here? Vangani vasina kumbomuona, uye vanoda, vangade kuona mudzimai wazvakaitika paari? Isu . . .

Hattie, ungasimuka here? Hoyo mudzimai wacho.

<sup>171</sup> Akamira mumba make. Mushure mekunge ndaona tsindi sere, dzaive dzisipo ikoko zvachose chero kupi zvako, uye, ndokungotaura bedzi shoko, zvino hedzo padzaizova dzakamira ipapo. Ichokwadi. Ndiko kuti, hapo padzaiva. Uye ndikati, “Chii chakaita kuti tsindi dziuye ipapo?” ndakagara patafura yake. Zvino amai vake, Hanzvadzi Wright, hevanoi Hama Wright, vainge vakagara ipapo. Vangani vainge vari patafura, vangani vari pano mangwanani ano? Simudzai maoko enyu. Zvakanaka, havoka avo, kumativi ese muchivakwa. Maona? Zvakanaka, vaivepo. Ndikati, “Rimwe zuva . . .” Munin’ina wavo akaremara akagara ipapo.

<sup>172</sup> Ndakati, “Zvinofanira kuuya nechiratidzo, nezvimwe zvakadaro, asi rimwe zuva zvichauya vakasiyana.” Ndainge ndichitaura kudaro. Kamwe-kamwe, Chimwe chinhu chakazodzwa icho (chizvisiirai kuvanhu ava), handina kumbobvira ndakambonzwa chizoro chakadaro. Sei? Nekuti Hattie akataura chinhu chakafanira.

<sup>173</sup> Ndakati, “Tsindi idzodzo dzakabvepi? Pakanga pasina kana imwe ipapo, pasina kana nzvimbo yadzo, sezvakaita padanda renhare ipapo chaipo. Uye ndakazviona zvichiitika kanokwana kasere kakatevedzana.” Zvino ndakati, “Handizivi kuti zvakabva nekupi.” Ndakati, “Chinhu choga chandinoziva, kuti Mwari vakaedza kusimbisa Mharidzo kuna Abrahamama imwe nguva, zvino Akataura gondohwe kuti rivepo, nekuti Aida gondohwe, kuZvisimbisa. Zvainge zviri mukuti ndaida tsindi, kuti nditaure yangu. Uye Akazviita kasere kakatevedzana, kana kuti kanomwe kakatevedzana, waro, kanomwe kakatevedzana.” Uye ndikati . . .

<sup>174</sup> Uye, Hattie, pamwe asingazive zvaaitaura mudzimai uyu. Tarisai kuti Zvakapfuura vapfumi nevanozvikudza sei. Tarisai kuti Zvakapfuura sei zvinhu zvese, uye zvikasvika pamudzimai mudiki anonzvisa tsitsi wekumaruwa ipapo.

<sup>175</sup> Zvino ndaive ndiine madhora makumi maviri muhomwe yangu, yekudzosera kumudzimai uyu, iyo, akanga avimbisa kubhadhara madhora makumi mashanu pachechi ino itsva iri kuuya. Uye handitaure izvi kuti ndimunyadzise; aisakwanisa

masendi makumi mashanu, chaizvoizvo, kuti aape. Asi, moyo wake muMharidzo, aida kuzviita. Hama Neville, ndinotenda, vakaigamuchira, ndokurega kutora imwe yakasara, vakangomusiya achipa madhora makumi maviri ayo. Zvino ndaive nemari dzemadhora gumi mbiri muhomwe yangu, Meda ainge andipa yemagirosari, zvino ndakati, “Ndiri kuzoidzoserera kwaari nhasi.”

<sup>176</sup> Ndokubva ndafunga, Chimwe chinhu chakataura neni, chikati, “Jesu akaona chirikadzi iya ichidonhedzera mapeni ayo matatu, uye haAna kuidzorera ichibva kwaari.” Akamurega achienderera mberi nekuti Aiva nechimwe chinhu chakadarika pakukura kumagumo enzira.

<sup>177</sup> Handina kuziva kuti Aitaura neni nenzira imwe cheteyo, nezve mudzimai chirikadzi, asina murume. Murume wake akauraiwa. Neniwo handina kuziva kuti akanga ari Iye mumwe chete, pandakati, “Saka ndichangochengeta madhora makumi maviri, Mune chimwe chinhu chamuchamuitira.”

<sup>178</sup> Ndakati, “Chinhu chega chandinoziva, ndechekuti Jehovha vachiri Jehovha-Jire. Vanokwanisa kupa chibairo.”

<sup>179</sup> Uye Hattie, asingazivi zvaaitaura, akasimuka akati, “Ndicho chokwadi chamazvirokwasvo, Hama Branham.” Oo, ini zvangu! Ndicho chaiva chinhu chakafanira chekutaura. Ndicho chaiva chinhu chakafanira chekutaura.

<sup>180</sup> Panguva saiyooyo, Simba raMwari rakarova nzvimbo iyoyo; Handina kumbobvira ndakanzwa chizoro chakadaro. PaRakazviita, ndakati, “Hattie, ZVANZI NAJEHOVHA, kumbira chaunoda! Handina basa kuti chii, Mwari vandipa mvumo yekukupapa chishuwo chemoyo wako iko zvino. Kana ukakumbira madhora miriyoni, unogona kuva nawo. Kumbirira musikana mudiki uyo akaremara kuti asimuke afambe, anozviwana. Kumbira chero chinhu chipi zvacho.”

Akati, “Chii chandichakumbira, Hama Branham?”

<sup>181</sup> Ndakati, “Chero chipi zvacho chaunoshuvira. ZVANZI NAJEHOVHA.” Oo, manzwiro akadini!

<sup>182</sup> Akatarisa-tarisa. Hapo pakagara baba vake vachena musoro avo vainge vakadzoswa kubva kuvakafa, potse. Hapo pakagara amai vake vakwegura, vanorwara-rwara. Hapo pakagara munin’ina wake mudiki, akaremara.

<sup>183</sup> Asi akasarudza izvo zvainge zvakanaka. Aive nevakomana vaviri vezera rekuyaruka vachingova pazera irori rekushaya hanyin’a. Murume wavo akakosha akaenda muKubwinya; akanga ari Mukristu, akamirira. Asi vakomana vakanga vasiri Makristu. Akati, “Mweya yevakomana vangu vaviri.” Mwari varopafadze moyo wake.

<sup>184</sup> Ndakati, “ZVANZI NAJEHOVHA, wava navo.”

<sup>185</sup> Uye hevanoi vari pano, vakabhabhatidzwa muKutenda. Vakanga vachindiudza humwe husiku, kunyangwe, mukomana mudiki-diki iyeye achigeza tsoka imomo, achiisa maoko ake pamusoro waHama Neville, uye achivanamatira pavainge vachigeza tsoka.

<sup>186</sup> Vakomana vaviri vadiki vanogona kunge vakagara pano mumusangano pane imwe nzvimbo mangwanani ano. Varipo here, Hattie, vari pano newe here? [Hanzvadzi Hattie vanoti, “Vari kumashure uko.”—Mupepeti] Kumashure, kumashure. Muripi, vakomana? Simudzai maoko enyu. Vakomana vaviri varipi? Havo pavari, vakamira shure kumashure. Mwari vakuropafadzei. Zvakanaka. Hezvoka izvo.

<sup>187</sup> Zvino, chii chakaitika? Chinhu chimwe chete ichocho, zvisinei kuti chii, zvingadai zvakaitika . . . zvaazenge akumbira, angadai akave nazvo. Aigona kunge akazviwana.

<sup>188</sup> Zvino ndiri kuda kuona izvozvwo zvichiitika. Zvichatorera maonero evanhu kuMharidzo. Munoono here matauriro aakazviita? Akangotaura chinhu chakafanira. Ndeizvo zvaunotaura, zvinozviita. Zvaunotaura!

<sup>189</sup> Tarisai mudzimai weSirofonike paakauya kuna Jesu. Akati, “Ishe, mwanasikana wangu anotambudzwa kwazvo nedhimoni. Nhai Mwanakomana waDhavhidhi, huyai mumupodze.”

<sup>190</sup> Akati, “Hazvina kufanira kuti Ini nditore chingwa chevana ndochipa kwamuri imbwa.”

<sup>191</sup> Whew! Ko dai Aizotaura kudaro kune vamwe vedu? Taiti, “Kundidana kuti imbwa? Haa, hapana nezvaKe, apa! Chechi huru inoreva chokwadi. Hapana zvaAri kunze kwekuva muumburuki mutsvene. Hapana zvaAri kunze kwaBherizebhabhu.” Taizova nemaonero akadaro. Asi kwete iye.

<sup>192</sup> Akati, “Ichokwadi, Ishe. Munoreva chokwadi chaicho. Asi imbwa dzinoda kudya zvivedu pasi petafura yevana.”

<sup>193</sup> Izvozvwo zvakaMubata. Akati, “Nekuda kwechirevo ichi, dhiyabhore asiya mwanasikana wako. Nekuda kwechirevo ichi!”

<sup>194</sup> Maonero ako, shamwari. HaAna kuzvitauro here? Munofanira kuzvitenda, shamwari. Imi, musanditenda, ndiri munhu; asi imi tendai zvandiri kukuudzai, tendai Mharidzo. Kana musingatendi mutumwa, tendai Mharidzo. Kana munhu akafamba achipinda mukamuri umo, aine teregiramu, zvisinei kuti ndiani, kuti munhu iyeye airatidzika sei kana kuti aiva ani, mukuru kana mudiki, unotenda zviripateregiramu, kwete munhu. Mwari vakandituma kuti ndikuudzei. Ndine Mharidzo. Mwari vakandituma kuti ndikuudzei kuti Vakamuka kubva kuvakafa, kuti Vari pano mangwanani ano. Vakazviratidza nezviratidzo nezvishamiso, kuti Vari pano, uye mumwe



nemumwe wenyu anogona kupodzwa kuhurwere hwake kana ukangatora maonero akanaka paunouya. Mungazviita here, tichiimba *Tenda Chete*.

<sup>195</sup> Zvino regai avo vari kuzonamatirwa, vauye kumusoro kuno uye multe mutsara neche kumusoro kuno chaiko. Zvino, usauye kunze kwekunge uchitenda nemoyo wako wese.

<sup>196</sup> Ishe vanokosha, ino ndiyo nguva yacho. Ndinonamata kuti Mugopodza vanhu ava, Ishe. Zvino itai mafuta aya ave matsvene. Zviwanirei mbiri kwaMuri, Baba. Tinotumira izvi muZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>197</sup> Handizivi kana tikakwanisa kukumbira vanhu avo vakamira kudivi *iri* pano, kana paine nzira yekuti vangowana kanzvimbo kadiki pano, kuitira kuti tikwanise kuunza vanhu pano, kana muchikwanisa. Vachidarika nepano, vachibuda nenzira *iyi*. Zvino vanogona kuuya vose nenzira iyi, vonyatsodzika nemutsara, kuita mutsara mumwe chete unobuda nenzira *iyi*.

<sup>198</sup> Chimwe chinhu chinofanira kuitika, Hama Neville. [Hama Neville vanoti, “Ameni. Chiri kutoitika izvozvi. Ishe ngavarumbidzwe! Jesu ari pano. Hongu. Mumwe nemumwe wavo anopodzwa neSimba raMwari.”—Mupepeti] Amen.

<sup>199</sup> (Wati kudii? Ndizvo. . . Saka, kwete, kungopfuura neapo. Hama Neville neni, hongu, tichaenda kunovanamatira kwekupedzisira chaiko. Saka, hazvigone kuvaunza vachipoterera nekuno uku, nekuti unozo, kana ukadaro, uchaita kuti. . . Mirai zvishoma. . . ? . . .)

<sup>200</sup> Zvino regai nditi kune ungoro yakamirira: *Iri* iShoko raMwari, Uyo ini. . . Randakararama nro, uye ndichafa nro, nenyasha pamwe nerubatsiro zvaMwari. Mwari vari ivo Mutongi wangu, ndakuudzai Chokwadi. Ndakaona, uye zvinhu zvese izvi zvichiuya kwakuri. Kunyangwe kubva kukahove kadiki kakamutswa zasi uko, makambonzwa here nezve nyaya iyoyo? Hapo pagere varume vacho kumashure uko, vaviri vavo, vaivepo pazvakaitika; ndakazvitauro zuro wacho zvisati zvaitika. Zvino, ndingakuudzai sei zvinhu izvi zviripo? Munoono, ndinoda kuparidza pamusoro, humwe hwehusiku uhwu, pamusoro pe*Chinoenzanisa*. Munhu anogona kukuudzai chimwe chinhu, uye achingoramba achivaka saizvozvo, asi kana pasina Rugwaro rwekuzvienzanisa, zvinozopedzisira zvadonhera pasi. Kana kunzvera uku, nezviratidzo izvi nezvinhu zvakakakuudzai nezvazvo, dai zvaive zvisiri Chokwadi; chinhu chekutanga, pane Bhaibheri rekuzvitsigira, uye paiva neMweya Mutsvene kuratidza kuti ndakataura Chokwadi.

<sup>201</sup> Zvino, ndave neanenge makore gumi nemana ndiri mukuvhangera, ndikapfuura nemumutsoropodzi wese aigona kuiswa pamberi pangu. Vakadzidza, vakangwara, zvimwe zvese, hapana kana nguva imwe yavakakwanisa ivo. . .

202 Saka munoziva zvavakataura? Makazvinzwa pano. Vanoti, “Vanhu vari muungano vachazotenderera, vachitaura nevanhu.” Pakutanga vakati vaive vanhu vemuchechi mangu, vanoenda kumusoro uko kunoitwa. Zvino havana kukwanisa kuwana izvozvo, kune vakawandisa vavo.

203 Chinhu chakatevera vakataura, kuti, “Zvaizoita sehama” dzinofamba neni, “vanomira kumashure uko uye voti, ‘Murume uyu ane kunzwa, kuri munzeve dzake.’”

204 Ndokubva vataura kuti, “Billy Paul, Billy Paul aiuya uye— uye aienda kumusoro uko onoverenga pakadhi, zvinotaurwa nevanhu. Kana paine chimwe chinhu chakakanganisika nenzeve dzavo, aiti, ‘nzeve dzavo’ kana ‘dumbu ravo.’”

205 Ko chaizvoizvo avo vari kunze uko vasina makadhi ekunamatirwa? Ko chaizvoizvo zvingafanotaura sei zvinhu zvinoitika zvakakwana? Zvingadaro chirudzii? Hazvigoni kudaro. Chero ani zvake anoziva, uyo ane pfungwa dzake dzakakwana.

206 Vakataura zvimwe chete pamusoro paJesu, pakaenda Firipi kunitora Natanaeri. “Aive shamwari yaJesu.” Akati, “Chokwadi, akaudza Jesu zvese nezvazvo. Ari kumutevera.”

207 Uye ipapo vadzidzi ivavo vakati, kana kuti vadzidzi ivavo vechechi huru vakati, “Murume uyu ndiBerizebhabhu. Iye ndiBerizebhabhu. Ndiye muuki.”

208 Jesu akati, “Ndichakuregererai nekuda kwaizvozvo. Asi rimwe zuva Mweya Mutsvene uri kuuya kuzoita zvimwe chete, shoko rimwe rinopesana naWo harifi rakaregererwa.” Zvino kana . . .

209 Ndakave ndakatendeka nemi vanhu, kungotendeka sekuziva kwandinoita. Oo, ndinogona kunge ndakapesana nezvimwe zvitendwa zvamunazvo mune dzidzo diki yebhaibheri nezvinhu. Asi, chikonzero chandinovuitira, Pauro akati, “Kana mutumwa anobva Kudenga akauya akaparidza chero chimwe chinhu kunze kweizvo zvinotaurwa neBhaibheri,” uye nezvaakadzidzisa, “ngaave akatukwa.”

210 Saka, ndinofanira kutevera izvo chete zvakataurwa neBhaibheri. Kana Bhaibheri rakati, “Ndiye mumwe chete zuro nekusingaperi,” Ndinozvutenda izvozvo. Chero zvipi zvakataurwa neBhaibheri, ndizvo chaizvo zvandinotenda. Ndinongozvitaura zvakadaro. Ndakanga ndisina kana dzidzo, ndakanga ndisina kana kudzidziswa. Ndakongoteerera kuMweya Mutsvene neBhaibheri. Uye pari zvino, kusvikira mangwanani ano eEsta, kwemakore makumi matatu nerimwe, HaVana kumbondirasisa.

211 Uye ndinokuudzai kuti Mweya Mutsvene wakandiudza nezveshumiro iyoyo ichauya, kwemakore maviri kana matatu apfuura, uye ndaingwe ndichiudza machechi kwese-kwese.

Uye Mwari Wamasimba ose vari Mutongi wangu, kumusoro chaiko kuno kudivi rino reSaremi, tsindi idzodzo dzakasvika pakuvapo apo pakwaive kusina kana netsindi. Zasi uko chaiko naCharlie, akamira kumashure uko, nevazhinji vavo zasi kuno muKentucky; tsindi idzodzo dzakauya munzvimbo chaidzo kwadzakanga dzisiri, ndikataura kwayaizenge iri. Uko Tony nevamwe, Banks, vakagara apo. Uye hapo payaive, chaipo. Ndokudzoka chaiko zvakare, zvino munhu wekutanga wazvakambaurwa paari, aive mudzimai uyo akagara apo chaipo, zvino hezvoka izvo. Mamwe mangwanani kumusoro uko, pandakanga ndichirwara nechinhano ichocho chepahuro, ndakaona Jesu akamira pamberi pangu, zvino Akandiudza kuti shumiro yakatosimbiswa kare kwandiri.

<sup>212</sup> Zvino zvichazoitika, ini handizive. Asi, chinhu chimwe chete, ndinofanira kuisa parutivi chimwe, kuti ndimire pane ichi. Nzira chete yandinoziva yekuita. Ngazvizikanwe izvozvi, ngazvive zvakanyorwa, sekutaura kwaJobho mangwanani ano, nechinyoreso chesimbi, padombo. Handizivi zvekuita. Chinhu chega chandinoziva, kufambira mberi. Vakandiudza. Uye Mwari ndivo Mutongi wangu, Vakandiudza. Ndakakuudzai Chokwadi. Uye kana Mwari vakasimbisa nekukuudzai, uye hapana kana nguva imwe chete chero mumwe munhu pano angagona kumbobvira akaisa ruoko rwake pane chero chinhu chakange chakanganisika, saka izvi ndizvo chaizvo, zvakare. Ndizvo chaizvowo, zvakare.

<sup>213</sup> Zvino pandinoenda apa ndonomira panoperera mutsara. Ndine mukuru, Hama Neville ipapo, murume ane humwari, mufundisi wedu pano, kuti azodze vanhu. Ndiri kuzoisa maoko pamusoro pevanhu, nekuti kutuma kwaJesu, mushure meEsta, kwaiva, “Endai munoturika maoko pane vanorwara, vachapora.”

<sup>214</sup> Handisi kuziva zvaVari kuzondiudza tiri mumutsara. Ndichaedza kuti ndinzwe chizoro ichocho chepamusoro. Handizivi zvichaitika. Handizivi. Chero zvazviri, ndichaita sekungondiudza kwaVachaita.

<sup>215</sup> Zvino huya pano, huya pano nemoyo uzere. Hazvina mhosva kana Vakakutsiura, kana Vakasataura chinhu kwauri, zvisinei nokuti chii, iwe enda uchiVatenda, munoona. Nekuti, basa raitwa, imwe nzira yekuuya kwauri.

<sup>216</sup> Zvino, hama, mune gumbo iro, ndinoda kuti muzvitende. Kana Ivo, nerunhare, vakakwanisa kubvisa dambudziko remudumbu kubva pamuri, Zvirokwazvo Vanogona kutora mamiriro egumbo kubva kwamuri mangwanani ano, munoona. Zvino tendai nemoyo wenyu wose.

<sup>217</sup> Uye mudzimai ane mucheche mudiki uyo aive nedambudziko remoyo, musapokane zvakare. Tendai! Tendai!

218 Zvino ndinoda kuti munhu wese ari muchechi ave mumunamato. Uye ndiri kudzika zasi kunonamata. Imi mose rambai muchinamata zvino, apo ini ndichiunza mutsara uno wemunamato, ndichikumbira, ndichingoisa maoko angu ipapo uye ndichiisa ropafadzo.

219 Uye, rangarirai, kana mumwe wenyu aine chivi chisina kureururwa, ngazvizivikanwe kwauri kuti Mwari havafi vakakupodza nechivi ichocho chisina kureururwa. Chigadzirise, usati wapfuura nepano, nekuti zvinogona kukuita kuti zvitowedzera kuipa. Maona?

220 Zvino hazvisi mukunzvera. Kunzvera, ndinozviwana zvinhu zvacho. Asi, uye uku hakusi kunzvera, ndiri kutsvaga shumiro itsva. Mese munonzwisisa zvakanaka? Zvakanaka. Zvino tendai.

Zvino ngatinamatei patinokotamisa misoro yedu.

221 Mwari Baba, zvidhindo zvemine yangu zvichiri papurupiti, kubva pane maawa nemaawa, pari zvino kwemakore angade kusvika makumi matatu kana kudarika, andanga ndichimira pano ndichiparidza, uye nepasi rose. Uye Makasimbisa Vhangeri randakaparidza, nekuti Mharidzo yakabva kwaMuri. Handina kumbobvira ndakaenda kune chero zvikoro, handina kumbobvunza mumwe munhu asi Imi, ndichiverenga Shoko reNyu nekumirira kuona kuti Mweya waizotaura kuti ndiitei.

222 Uye zvino, Ishe, Munoziva nezveshumiro iyi yaMarko 11:23, uye nekuziva kuti nguva yaswederwa, ndichiziva kuti ndataura zvechokwadi nezvetsindi idzodzo, uye nezvaHanzvadzi Hattie nevakomana vavo. Zvino, Baba, nekuziva kuti chiratidzo chiya chakauya kwandiri kumusoro uko umo pamubhedha, mamwe mangwanani. Ndakaona Bhaibheri iroro, uye zvakare muchinjikwa, uye tevere Imi. Uye zvakarurwa mupfungwa dzangu kuti ndinofanira kuzvigamuchira, nekuti zvakasimbiswa.

223 Zvino, Ishe, ndinofambira mberi mangwanani ano muchechi yangu, kumira pano mangwanani ano eEsta, ndichinamata kuti Muchandisimudzira kune chipo chitsva, chine simba rakawedzerwa, nekuda kwevanhu, simba rakawedzerwa. Kwete nekuda kwepunepunepo rwangu; nekuti Makandiponesa, Ishe, kare. Kwete kuitira ini; ndakaramba zvinhu zvese zvikuru, kuti ndiKuzivei. Sekutaura kwaMakaita kwandiri kunze uko kutembere huru iya, rimwe zuva, “Ndini mugove wako.” Zvino, Ishe, regai ndive mugove weNyu, kuti ndiwanirwe nyasha neMi, kuti Mweya weNyu uuye upinde mandiri. Uye pandinoturika maoko angu pavanhu ava vanokosha, vanotambudzika, dai Mweya weNyu, Ishe, waita basa rose rasara. Ndizvo zvoga zvandinoziva kuita, Ishe.

224 Ndinorangarira kutumwa kwangu, ndaka “zvarirwa kunamatira vanhu vanorwara, wovaita kuti vatende, nekuperera paunonamata.” Ishe, ndingori... Handizive kuti ndingaperere

zvimwe zvakadini. Ini—Ini... Vari kutambudzika, Ishe. Uye nda—ndatamburawo, pachangu. Ndapota, Mwari Vanodikanwa, zviitei kuti vapodzwe, mumwe nemumwe.

<sup>225</sup> Ndinoenda mberi zvino, Ishe, nekutenda, saMosesi akafamba akananga kuGungwa Dzvuku. Ndinofamba ndichibva papurupiti ino inoyera, ndichidzika zasi kumutsara uyu wokunamatira, muZita raJesu Kristu. Dai Mwari Vakandipa tsindi dziya, Mwari Vakapa Hanzvadzi Hattie mashoko aya, Mwari Vakandiita kuti ndiataure, dai Vaenda neni. Ndinoenda nemuZita raJesu Kristu. [Hama Branham vanobva pamaikirofoni vachinonamatira vanorwara, mazhinji emashoko avo haanyatsonzwika—Mupepeti]

<sup>226</sup> Satani, ndinokutsiura... iwe, muZita raJesu Kristu, kuti usiye mucheche. Musiye, buda mumwana uyu; enda, uye mwana aite zvakanaka.

<sup>227</sup> Ndinoturika maoko angu pamusoro pehama yangu, muZita raJesu Kristu, nekutsiura kutambudzika kwemuviri wavo. Amen.

MuZita raJesu Kristu, mupei chikumbiro chake.

<sup>228</sup> Ishe, muZita raJesu Kristu, ipai Hanzvadzi Ruth kupora kwavo. Amen.

<sup>229</sup> Ndichanamatira mucheche. Asi ndi—ndinoburuka ndichibva papurupiti... Munogara kupi? [Hanzvadzi inoti, “Bloomington.”—Mupepeti] Bloomington, Indiana? Ndinoyorei tsamba pamusoro pemucheche uyu. Akazvimba kwazvo padumbu pano zvino. Uri kuzotenda here, mudzimai, kuti ichokwadi? [“Ndinotenda kuti ichokwadi.”]

<sup>230</sup> Zvino, Baba, ndinoisa maoko angu pa... mucheche uyu, nekutsiura dhimoni iri. Ibva pamucheche. Uye dai...?... Ngaaita zvakanaka zvino uye mucheche agopora.

Mundinyorere tsamba, mumazuva mashoma.

<sup>231</sup> Munoono mucheche uyo ane maziso akapesana akarara apo? Kana mukasapokana zvakare, muchadzoka nemucheche *iyeye* uye momuratidza kuve aita semunhu wese uye apora.

<sup>232</sup> Ndinoturika maoko pane hanzvadzi iyi. Uye dai ave nemaonero emudzimai weSirofonike. Uye dai apodzwa muZita raJesu Kristu...?...

Moyo ngaupore, nemuZita raJesu Kristu.

<sup>233</sup> Ndinotaura mashoko aya. Unofanira kuita zvakanaka. Haukwanise kuve chero chimwe chinhu. Jesu akati, “Ndinogona, kana ukatenda.” Zvino, kana Vachikwanisa kuita kuti tsindi ionekwe *saizvozvo*, sezvaVakaita gondohwe pane imwe nguva, Vanogona kuita kuti moyo iwoyo uratidzike zvakanaka uye wapora. Unofanira kudaro.

MuZita raJesu Kristu, moyo ngaupore. Zviitei.

234 Zvino, hazvisi nyore here? Zviri nyore. Mwari vari nyore kwazvo, tinomhanya nepamusoro pazvo. Zvino iwe ingova uri nyore zvizere usingatombofunga nezvazvo zvachose. Zvichaita zvakana.

235 Ishe, hanzvadzi yedu ngaiite zvakana, muZita raJesu Kristu. Amen. Hanzvadzi...?...

236 Ishe, zvino ndataura mashoko aya, chokwadi sezvandinogona kupupura pamberi pevanhu. Ndavaudza, “Kana ukati kugomo iri, ‘Ibva,’ uye usingapokane, unogona kuwana zvawataura.” MuZita raJesu Kristu, dai kutambudzika uku kwabviswa, uye nematambudziko enyu ose amunawo. Musapokana zvino. Endai pedyo chaipo naVo zvino.

237 Ishe, ndinoturika maoko angu pamusoro pemudiki uyu ane musoro unorwadza zvakanyanya. MuZita raJesu Kristu, ngaupore. Amen.

238 Ishe, nemuZita raJesu Kristu, gomo iroro ngaribve paari, ngaapodzwe. Dai hama yedu iko zvino yapora...?... Amen.

239 Matsi uye mbeveve; matsi isingataure. Ishe, nemuZita raJesu Kristu! Ndakamira ndikaparidza zuva nezuva, uye gore negore, Handisati ndamboona kutenda kuchibatana neMi, muhupenyu hwangu hwese, asi kuti pane chimwe chinhu chakaitika! Zvino, imatsi munzeve yake, uye akatsemuka mudumbu. Ngaapodzwe, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Zvino, musapokane.

240 Ishe, munoziva kutambudzika kwemuviri wake. Nemaoko pamusoro pake, nemoyo wakaperera, ngaapore, muZita raJesu Kristu. Amen.

241 Rufu rwuri pane mumwe musuwo, kutenda pane mumwe. Mwari, bvisai dombo uye kutenda ngakutore nzvimbo. Dai kenza yamusiya, nemuZita raJesu Kristu.

242 Ishe, ngaapodzwe. Ndinoturika maoko pamusoro pake. Mharidzo ichiri kurira nemumadziro. NemuZita raJesu Kristu, dai apodzwa.

243 Mwari Baba, ndinoisa maoko pane hama yangu. Ngazvive sokudaro, Ishe, Mweya weNyu nesimba, zvivape chikumbiro chavo. Ngazvive zvakadaro, muZita raJesu Kristu. Amen.

Zvapera. Musazvipokana zvino.

244 Ishe, chishuwo chehama yedu ndeche kuuya muHupo hweNyu, nechinhano ichi chiri pavari. Zvino, muZita raJesu Kristu, regai vave nezvavari kukumbira. Amen.

245 Chinhu chikuru sei! Mweya Mutsvene ngauye pamwana uyu, kuitira mbiri yaMwari kuti vamuunze kune yake...?... Kuitira Humambo hwaMwari, ngaakugamuchire. Amen.

246 Baba, muZita raJesu Kristu, ngazvive saizvozvo, kuti hanzvadzi yedu ipodzwe, uye chikumbiro chavo vachipihwe, muZita raJesu. Amenii.

247 Ngazviitwe. Muchagamuchira Mweya Mutsvene. Hakuna nzira yekukutadzisai kune...?...Munotofanira kudaro! Munotofanira kuUgamuchira, nokuti Mwari vakataura kudaro. Mirai paUri.

Ingopwanyai muchipinda nemuchikoko chidiki ichocho. Ingotii...?...

248 Baba veKudenga, nemuZita raJesu Kristu, ipaiwo chikumbiro chehanzvadzi yedu. Amenii.

249 Baba, nemuZita raJesu Kristu, ipai chikumbiro chehanzvadzi yedu. Dai vapodzwa. Amenii.

250 Vanogona kuita kuti tsindi ivepo, kanomwe kakatevadzana. Vaizopa mudzimai iyeye chero chinhu chaaikumbira; Vanozovipa kwauri...?...

251 Ishe, nemuZita raJesu Kristu, ipai chikumbiro chehanzvadzi yedu. IShoko reNyu. Maita heNyu. Uye ngachipiwe kwavari, Baba, kuburikidza naJesu Kristu. Amenii.

252 Vadikanwi venyu? Baba, muZita raJesu Kristu, vapei izvi...?...

253 Ishe, mudzimai mudiki wechiJudha uyu...Ndimi Mwari waAbrahama. Chipei, muZita raJesu Kristu, chikumbiro chake. Ngazvive saizvozvo!

254 MuZita raJesu Kristu, Mwari weKudenga, vapei chikumbiro chavo. Amenii.

255 Kasikana kadiki aka. Pawangouya papuratifomu ipapo, Mwari vanga vachindiudza zvese nezvehupenyu hwako. Vachabvisa kuhuta-huta ikoko kubva pauri.

256 Ishe, ndinotsiura kuhuta-huta kuri mumusikana uyu. Ngakumusiye nguva ino uye abude kubva pano achifara kwazvo. Zvichadaro, muZita raJesu Kristu.

257 Mwari veKudenga, Makamutsa Mwanakomana weNyu, Jesu, murumuko rwatinopemberera, dai akarwupemberera zvakaupfuurira nhasi...?...MuZita raJesu. Amenii.

258 MuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, ndinoturika maoko pamusoro pehanzvadzi yangu, ndichikumbira kuti apodzwe izvozvi muZita raJesu.

259 MuZita raIshe Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, dai hanzvadzi yedu yapodzwa. Amenii. Haukwandise kuramba hwakamubata. Hunotofanira kubva. Enda, izvi zvinotongofanirwa kubva.

260 Ishe, nemuZita raJesu Kristu, dai hanzvadzi yedu yapora. Amenii. MuZita raJesu Kristu, ndinopodza iyi, hanzvadzi yangu. Amenii.

MuZita raJesu Kristu, ndinopodza hanzvadzi yangu. Amen.

MuZita raJesu Kristu, ndinopodza hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu Kristu, ndinopodza iyi, hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu Kristu, ndinovapa chikumbiro chavo. Amen.

<sup>261</sup> Ishe, muZita raJesu Kristu, ndinopa amai vadiki ava chikumbiro chavo.

MuZita raJesu Kristu, ndinovapa chikumbiro chavo, Ishe.

Ishe, muZita raJesu Kristu, ndinovapa chikumbiro chavo.

<sup>262</sup> Satani, ndinokudzanga. MuZita raJesu Kristu, siya mudzimai.

<sup>263</sup> Ange akakusungai kwenguva refu. Masununguka zvino. Muchaita zvakanaka. Zvichaita zvakanaka zvino, ipapo. Zvitendei zvino.

<sup>264</sup> Mwari, muZita raJesu Kristu, ndinopa hanzvadzi iyi, yakaremara, kupodzwa kwavo. Amen.

<sup>265</sup> MuZita raJesu Kristu, ndinopa hanzvadzi iyi kupodzwa kwavo. Amen.

<sup>266</sup> MuZita raJesu Kristu, hanzvadzi, ndinokupai kupodzwa kwenyu. Amen. Ngazvive saizvozvo!

<sup>267</sup> Ndinovimba kuna Mwari kuti handisi kukanganisa. Tipei izvi, nekutenda. Ngazvive saizvozvo!

<sup>268</sup> Munotenda here kuti Mwari vanokupai simba rekukupodzai dambudziko remwoyo zvakare? Munotenda here nyaya iya yandabva kutaura? Nemwoyo wenyu wese? Saka ndinokupai kupodzwa kwenyu. MuZita raJesu Kristu, ndinokupai kupodzwa kwenyu.

<sup>269</sup> Ndiani zita remudzimai uyu achangobva kuenda kumashure kuno? Munogara neche kuno here pane imwe nzvimbo? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Murangarire kuti mapodzwa! Ndicho chinongova chokwadi sekumira kwandakaita pano.

<sup>270</sup> Baba muZita raJesu Kristu, zviitei izvi, ndinonamatira, kupodzwa kwavo. Amen.

<sup>271</sup> Baba, nemuZita raJesu Kristu, dai vawana kupodzwa kwavo. Amen!

<sup>272</sup> Ndi—ndi—ndinokutaurirai imi...Ini—ini—ini...Nenyasha dzaMwari, kuburikidza nechipo chaMwari, ndinokupai kupodzwa kwenyu! Ndodzanga dhimoni iroro, zvakare.

<sup>273</sup> Munotenda here Hanzvadzi Rose? O Ishe, Musiki wematenga nenyika, ipai Hanzvadzi Rose Austin ava kupodzwa uku, Ishe, muZita raJesu Kristu. Amen. Ndizvozvo, Hanzvadzi Rose, endai muchitenda zvino.



274 Ishe, ipai kuhanzvadzi yedu kupodzwa kwavo, muZita raJesu Kristu. Amenii...?...

275 Munozvitenda here izvo? Munotenda zvese hazvo. Zvino ndinokupai, muZita raJesu, chikumbiro chenyu. Mwari vachavapodza.

276 Ngazvive saizvozvo, Ishe, kuti hanzvadzi yavo igopodzwa, panyama uye nepamweya, muzita raJesu Kristu. Amenii!

Dai ino ikava nguva apo...?...

277 Ishe, ndinoturika maoko angu pavari, apo vasisina tariro zvachose, kuna vanachiremba kana chero kurapa hako kunobva kusainzi yezvekurapa. Asi kwete kubva pakusangana naKristu akamutswa. MuZita raJesu, dai apora. Amenii.

...?...

278 Ishe, ipai kuhanzvadzi yedu, muchinyatsoteerera chikumbiro chavo, muchiona mazwi ese avataura. Ndezvekuitira Humambo. Ndinonamata kuti Muchazviita kwavari, muZita raJesu. Amenii.

[Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti] ...?...

279 Ishe, semuranda weNyu, ndichiteerera kuna amai ivavo vachichemera mwana wavo, ndinotsiura dhiyabhore akaita izvi.

280 Uye pakupupura kwekutenda kwemudzimai, ndinodzinga dhimoni iri. Hauzokwanisi kuremadza mwana uyu. Podzwa nemuZita raJesu. Amenii.

Ari kutongopodzwa, hanzvadzi. Musangozvipokane chete, nepadiki zvapo. Mwari vakuropafadzei, hama. Mwana wenyu here? Ngaagamuchire Mweya Mutsvene!

281 Hamungatorawo mwana kune imwe nzvimbo mobva mamuteerera kwenguva shoma chete. Ndinotenda kuti chimwe chinhu chaitika kumwana. Muchazvigamuchira. Munozvitenda here?

282 MuZita raJesu Kristu dai hama yedu yagamuchira kupodzwa kwayo.

283 Ishe, dai Simba raMwari Wamasimba ose ratsiura dambudziko remuviri wavo, uye nekuvazadza neMweya Mutsvene. Ino ndiyo awa nenguva yacho. MuZita raJesu Kristu, ndinoUpa kwavari. Amenii.

284 Shuga yaenda. Magamuchira Mweya Mutsvene. Mune nguva yakareba sei muchitambudzwa...?...Hupenyu hwenyu hwese. Munotenda here kuti Kristu vachakupodzai uye nekukudzikinurai kubva padambudziko iri; kukuitai muve semunhu wese?

285 Mwana wenyu? Tsoka yenyu—yenyu. Imi mangouya mega? Dai ndaive, dai—dai ndaiva nesimba mukati mangu, munoono! Asi ndinotenda kuti Mwari vachandibatsira

kuva nekutenda pazviri. Ndichaita zvese zviri musimba rangu. Munonditenda here? Munotenda here nyaya iya pamusoro petsindi dziya? Munodaro? Munotenda here kuti zvinogoneka, kuti mangwanani ano, kuti Mwari vanogona kupodza muviri wenyu, uye mugofamba zvakare, kufamba sekwamaifanira kuita pakutanga? Pane chimwe chinhu chakangoitika kuburikidza nekuzvarwa kwenyu ipapo, pane chimwe chinhu chakavhiringidza chimwe chinhu zvishoma uye hamuna kuzongokura zvakanaka. Sezvakangoita bazi rinokura pamusoro perimwe bazi, richiridzimirira pasi. Saka, kana bazi iroro rikakwanisa kubva pabazi iroro, rinobva ratwasanuka nekuita zvakanaka. Maona? Ndizvozvo here? Chituko. Chituko. Kana chituko chikagona kubva, ipapo unobva wapora. Maona?

<sup>286</sup> Ishe, ndiri kufunga, ko dai uyu anga ari mwana wangu, ko dai uyu anga ari munin'ina wangu? Nekutenda, ndinobvisa chituko, muZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>287</sup> Ishe, ndinoturika maoko angu pavari ndichikumbira kupodzwa kwavo, muZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>288</sup> Mwari Baba, muZita raJesu Kristu, ndinoturika maoko pamusoro pemudzimai uyu ari kutambudzika, kuitira kupodzwa kwake. Amen.

Hanzvadzi Nash, Mwari vakakuponesai kubva kukenza, mamwe makore apfuura.

<sup>289</sup> Ishe, ipai Hanzvadzi Nash chikumbiro chavo. Semuranda weNyu, ndinozvikumbara. Zvichaitwa. Ndiyo mhinduro, Hanzvadzi Nash.

MuZita raJesu Kristu, ipai hanzvadzi yedu chikumbiro chavo. Amen.

<sup>290</sup> [Imwe hama nehanzvadzi vanotaura naHama Branham—Mupepeti] Ndatenda, hama, uye dzokerai kuvanhu vekwenyu vaiveko. Dai Mwari vazvigamuchidza. Nguva yakanakisa yakadaro, vanhu vekwenyu vakaungana pandaiva ikoko. Maive kuBombay here pataiva ikoko? Zvakanaka, zvino munotenda zvinhu izvo ini . . . zvamanzwa here?

<sup>291</sup> Ishe, vachidzokera kuvanhu vekwavo mhiri kwegungwa, dai vaenda vakazadzwa neSimba raMwari, vapodzwa mune chikumbiro chese chavari kukumbira. Dai vakaenda uye vonochigamuchira, muZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>292</sup> MuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, dai hanzvadzi yedu yagamuchira chikumbiro chayo.

<sup>293</sup> Ishe, ipai chikumbiro chehanzvadzi yedu. Dai dambudziko ravo ramiswa iko zvino, kuburikidza nerumuko nemuna Jesu Kristu. Amen. Hanzvadzi, zvinofanira kuva saizvozvo, kutongofanira kuva saizvozvo!

<sup>294</sup> [Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti] Munoda here kuti izvi zvidzokororwe muVhangeri? [“Hongu.”]

295 Ishe Mwari, semudzimai wechidiki uyu amire pano, kwete nekuda kwechinangwa chehundini. Ari kunamatira hanzvadzi yake, ane hutachiona muropa rake. Ndinomupa chikumbiro chake. Nekutumwa kwandakapihwa neNgirozi; uye nechiratidzo chaJesu Kristu, mavhiki mashoma apfuura, mukamuri yangu; Ndinopa musikana uyu chikumbiro chake. Amen.

296 Zvinofanira kuva saizvozvo. Munogara pedyo nepano here? [Hanzvadzi inoti, “Memphis, Tennessee.”—Mupepeti] Memphis, Tennessee. Ndinyorei tsamba. Mucha—mucha—muchawana chikumbiro chenyu.

297 Hama Grimsley. [Hama inotaura naHama Branham—Mupepeti] Mwari vakuropafadzei, Hama Grimsley.

298 Ishe, tinogona kurangarira kuti hama iyi yakabva kure zvakadini, uye nemugomba ravakatemwa kubva mariri. Vanoda Mweya weNyū wakawedzerwa, Ishe. Uyu ndinovapa, muZita raJesu Kristu. Tichiona mabasa avo ekumashure, kuti vakaedza kuKuteverai, zvino, neSimba reku—kutumwa kwandakapihwa naJesu Kristu, kwakasimbiswa neMutumwa pamwe nechiratidzo, Ndinopa Hama Grimsley chishuvo chavo. Vazadzei zvizere nekutenda, uye kufamba nepedyo vachave nako.

299 Ko kana ndikakuudzai, “Endai muite zvakanaka, nekuda kweHumambo hwaMwari”? Munotenda here zvandataura pamusoro petsindi dziya nevaye, uye munotenda here izvozvo kuva chokwadi? Zvino, Ivo, Vanondipa zvandinotaura kune “gomo” iri. . . ? . . . Hamuzove nechimwe. Hamuzove nechimwe. Hapachazovi zvakare nechirwere, mese muri vaviri muchaita, zvakanaka.

300 Ndinopa kwavari, chikumbiro ichi chavanokumbira, muZita raJesu Kristu. Amen.

301 Mwari Baba, ipai kune iyi, hanzvadzi yedu, chikumbiro chavo, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

Zvakanaka, hanzvadzi, endai, zvitendei.

302 Baba, apo mudzimai uyu achipfuura nepano, ndinonamata kuti Mugomupa chikumbiro chake, muZita raJesu Kristu. Amen.

303 MuZita raJesu Kristu, ndinopa mudzimai uyu chikumbiro chake. Amen. Musazvipokane.

304 [Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti] Munotenda here kuti muchazvigamuchira? [“Hongu.”] Saka ini ndinokupai chikumbiro chenyu, kuburikidza neSimba rakapihwa kwandiri kuburikidza nekutuma kwaJesu Kristu, uye kukapurirwa. . . ? . . . Endai, uye—uye Mwari vachava nemi.

305 Hama Fred, chii chiri pamoyo wenyu? [Hama Sothmann vanotaura naHama Branham—Mupepeti] Hama Freddie

Sothmann, ndinotsiura chepfu iyoyo iri mumuviri wenyu. Ngaikusiyei, nemuZita raJesu Kristu. Amen.

306 Hama Collins. [Hama Collins vanotaura naHama Branham—Mupepeti]

307 Ishe, hama inokosha iyi inotsvaga rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Ishe, nezvose zviri mandiri, ndinotaura Ropafadzo iri pamusoro peHama yangu Collins. Zviitei. Dai Mweya Mutsvene waya pavari, uye ngavazadzwe neMweya Mutsvene! Amen.

308 Hama Collins, munofanira kuUgamuchira, Unotongofanira kuuya. Mwari vanongotiedza bedzi.

309 Ishe, ipai chikumbiro chavo. NgavaKushandirei, uye nemhuri yavo iKushandirei, nemoyo yavo yose.

310 Mwari, ipai hanzvadzi yedu chikumbiro chavo. Kune zvese zvavakumbira, ngavazvigamuchire, kuburikidza naJesu Kristu Ishe wedu. Amen.

311 Ishe, ipai hama iyi simba rekubatsira chechi yavo. Ngazviitwe. Ndinovapa simba iri, kuburikidza naJesu Kristu. Amen.

312 [Imwe hanzvadzi inotaura naHama Branham—Mupepeti] Hanzvadzi, ndicho chinhu chakaipa kwazvo chamuinacho, kuhuta-huta. Munotenda here kuti zvandichataura kwamuri ichokwadi? [“Hongu, ndinotenda.”] Munozvitenda here zvino, kuti zvanda—ndataura kwamuri ichokwadi? [“Hongu.”] Saka ndinokupai kupodzwa kwenyu, kuburikidza neZita raJesu Kristu. Semazvirokwazvo ekungomira kwandakaita mupurupiti, kuhuta-huta kwenyu kwabva pamuri.

313 [Imwe hama inotaura naHama Branham—Mupepeti] . . . ? . . . Zvinomira pachena, pese pamuri.

314 Ishe Mwari, kuhama yangu diki inokosha pano, kudzika nehudzamu hwemweya wavo kunodana sepakadzika pachidana Pakadzika. Vanoda Mweya Mutsvene. Vakaremekedza shumiro yeNyu, Ishe, nenzira dzose dzavakagona. Nesimba reMweya Mutsvene, dai Waya pamusoro pehama yangu, uye ivo vazadzwa neSimba raMwari nenyasha, Mweya Mutsvene. Vagamuchirei, ndinovakumikidza mune . . .



*ENDAI, MUNOUDZA* SHO60-0417M  
(Go, Tell)

MHARIDZO DZEPAESTA DZAKATEVEDZANA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu mangwanani eSvondo yeEsta, Kubvumbi 17, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)